синий красный желтый черный

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЫДОКІ

№№189-190 (22.348) • 2012 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 29, щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр соми 6-щ •

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Нэхъ гъунэгъу дыззэхуещІ

• Дыгъуасэ

КъБР-м и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсеныр УФ-м и Президентым и полномочиз ЛыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ Федеральнэ щІынальэм щыІэм и къуэдзэ Байсултанов Одесрэ дыгъуасэ къаплъыхьащ «Кавказ Джэгухэр-2012» щІынальэзэхуакъ щрихабзэ спорт фестивальэр щыкІуэкІыну щІыпІэхэр.

КЪУЛЫКЪУЩІЭХЭР Правительствэм и унэм къыщІэкІри, ящэ еплъащ Зэгъуныгъуэ и утым деж щащІ псыутхыр здынэсам. Къанокъуэ Арсен Байсултанов Одес щигъэгъуэзащ Италием кърауа Іэмэпсымэхэр итальянхэм зэрагъуэувым, псыр метр 25-кІэ дриутхейуэ, уэздыгъэ зэмыфэгъухэмкІэ зэщІэблэу, адыгэ, балькъэр, итальян макъамэхэр къеуэу зэрыщытынум, ныщхьэбэ ящэ псыр зэрырагъэлъэдэнум.

АдэкІэ хьэщІэхэмрэ бысымхэмрэ кІуащ фестивалым хиубыдэ щэнхабзэ Іыхьэр щекІуэкІыну Абхазэм и утым. Абы и Іэгъэбгалагъэм Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІынальэм хыхьэ Къэбэрдей-Балькъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Дагъыстэн, Шэшэн, Ингуш, Осетие Ищхъэрэ-Алание республикэхэм, Ставрополь крайм я лъэпкъ пщІантІэхэр зэрыщагъэувым ептъахэщ, абдеж щекІуэкІынуэхэм зыщагъэгъэзащ.

КъулыкъушІэхэр адэкІэ кІуэцІрыкІащ «Спартак» стадионым. Спорт лІэужьыгъуэ зэхуэмыдэхэмкІэ щыІэпеуэну утыр зыхуэГ зэрыхуагъэзар, еплъынтуэхэм, кІэпыплъынуэхэм, хэтынуэхэм я тІысыпІэхэр зэрарубзыхуар, фестивалыр кьыззІухыным зэрыкуэхьэзырыр жиІащ КъБР-м спортымкІэ, туризмымрэ курортхэмкІэ и министр АфІэунэ Асльэн.

Байсултанов Одес ильэгъуахэм, Іуэхур здынэсам арэзы кьищІрэ кьимыщІрэ журналистхэр дыщыщІэупщІэм, кьыхигъэщащ псори тэмэму зэрызэфІагъэкІар.

«Кавказ Джэгухэр-2012» спорт фестивалыр ди республикэм кьызэрыщызэрагъэпэщым, абы иІэ мыхьэнэм щытепсэлъыхьым, ди республикэм и Іэтащхьэм жиІащ иджы ещанэу зэхэтыну фестивалым гъэ къэсщІэ гуэр хагъэхьэурэ щІэщыгъуэ зэращІыр.

- Сэ кьыззрысльытэмкІэ, спортми щэнхабзэми ехьэлІауэ гъэ къэс щІэ гуэр кьыззрыхьхьэм нэхъри удрегъэхьэх мы фестивалым, - жиІащ Къанокъуэм. - Абы и мыхьэнэр кьыпхуэмыльытэным хуэдизщ, псом хуэмыдэу Сочэ щекІуэкІыну Олимпи Джэгуэм я пэ кьихуэу зэрызэхэтшэр сэбэп кьытхуэхъужьынущ. Ди лъэхэм ехьэлІауэ жьпІэмэ, фестивалыр ди деж зэрыщекІуэкІым Іуэхуфі куэдкьыздехь, абы прихьэлІэу Іуэхущ1апІэхэр кьызэрызэІутхыр, ныкъусаныгъэхэр зэрыдгъэзэкІужьыр куэд и уасэщ. СызэреплъымкІэ, кьызэрежьам хуэдэу, гъэ къэс хэгъуэгу зэхуэмыдэхэм щегъэкІуэжкІын хуейщ мы зэхьэзхуэр. Сыт щхьэкІэ жьпІэмэ, нэхъыфІу дызэрыщІыхьн, лъэпкъ хабзэхэр зэдгъэщІэн, нэхъ гъунэгъу дызэхуэхьун папщІэ дызэкІэлъыкІуэн, дызэхьхьэн хуейщ.

- Абы и лъэныкъуэкІэ щэнхабзэ Іыхьэм мыхьэнэшхэу зэриІэр сыт щыгъуи жызоІэ, - кьыпищащ Арсен и псалъэхэм Байсултановым. - Сэ кьызолытэ абы кавказ лъэпкъхэр нэхъри зэкъуигъэувэу. Спортым ехьэлІауэ иІэ пщІэри нэхъ мащІэкьым, сыту жьпІэмэ, субъект къэс нэхъыфІу щалъагъу, ящэ щрагъэщ спорт лІэужьыгъуэхэр щыІэщи, абы адрейхэми щапхъэ трахынущ, зэхьэзэхуэри нэхъ лъэщ ищІынущ. Гъэ къэс, Арсен зэрыжиІащи, зэхьихьэм нэхъри зыдогъэужь. Мы гъэми тельыджэу зэрекІуэкІынум щэч кьытесхьэркьым.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замир.

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*



Налшык Абхазым и утыр нобэ кьыпхуэщІыхуэныкьым.
Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Нэхъыщхьэр шынагъуэншагъэрщ

Урысей МВД-м Жылагъуэ хабзэр кьызэгъэпэщыныкІэ и управленэ нэхъыщхьэм и унафэщІ полицэм и генерал-лейтенант Демидов Юрий лъэкьыгъэ Іуэхукіэ республикэм щыІащ икІи «Кавказ Джэгухэр-2012» фестивалыр шынагъуэншэу екІуэкІыным щытепсэлъыхьа зэІущІэ иригъэкІуэкІащ.

АБЫ хэтащ къэрэ кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министру КъБР-м щыІэ полицэм и генерал-майор Васильев Сергей. Кьрагъэблэгъахэм ящыщщ КъБР-м щыІэ МВД-м и Іэнатіэ нэхъыщхьэхэм я унафэщІэр, Шэшэн, Осетие Ищхъэрэ-Алание, Ингуш, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм щыІэ МВД-хэм, Урысей Федерацэм и МВД-м Ставрополь краймкІэ и Управленэ нэхъыщхьэм, КъБР-мкІэ МВД-м лІыкІуэ кьащІа полицэ гупэхм я унафэщІхэр.

Ящэ игъэщыпхъэ кьаланэхэм щытепсэлъыхьым, Демидов Юрий кьыхигъэщащ нэхъыщхьэр фестивалыр шынагъуэншэу, зэпІэзэрыгъу екІуэкІынымрэ зэрырар.

Управленэм и унафэщым жиІащ фестивалыр щекІуэкІыну щыпІэхэмрэ форумым кьеІуаІэ хьэщІэхэр щыпсэунухэмрэ аргуэру кьащыгъну ищІэ зэрыгъэлъэну. Мыхьэнэ зиІэ хъыбархэмкІэ и чэзум зэхъуэжэн папщІэ, КъБР-м щыІэ МВД-м и унафэщІхэмрэ мы Іуэхум кьегъэбдыдыІа кьарухэмрэ я зэпыщІэныгъэ зэтеухуэныр кьыхихльхьащ.

Гуныитэ щхьэхуэ хуащІащ фестивалым кьекІуэлІэну щыхуэхуэм тэмэму яхущытын зэрыхуеІм, шынагъуэншагъэр я щхьэусыгъуэу замыгъэтхІнищ.

Демидов Юрий зыщигъэгъуэзащ зыІэзыбжьэу щытыкІэм зихьэжьк хьужьыкъуэмэ, Іуэхум зэрыхуэхьэзырым, зэфІэхыпхъэ Іэмалхэм.

КъБР-м щыІэ МВД-м дыгъуасэ щекІуэкІа селектор зэІущІэм Демидовыр аргуэру кьышытеувыІащ республикэм и полицэмрэ кьеГъэбдыдыІа кьаруэмрэ зэрызэдэлэжьэну щыкІэм.

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм Хьыбархэмрэ жылагъуэ зэпыщІэныгъэхэмкіэ и Іэнатіэ.

Пэублэ зэпеуэхэм щытекІуахэр

Фестивалыр кьызэрызэІуахым теухуа гуфІэгъуэ дауэдапщэхэр щекІуэкІыну махуэм и пэ кьихуэу стІолыщхьэ теннисымрэ шахматымкІэ пэублэ зэІущІэхэр ирагъэкІуэкІащ. Спортсменхэр щызэхьхьащ мазэ япэкІэ Налшык кьыщызэІуаха спорт комплексыщІэм.

СТІОЛЫЩХЬэ теннисымкІэ щыхуэхьуэм я деж бжьыгъэкІэ зэхуэдэу бжьыпэр щаубыдащ Деманов Денис (Къэбэрдей-Балькъэр), Скалихин Вадим (Ставрополь край) сымэ. Абыхэм якІэпхойуэ Дагъыстэным щыщ Аванесов Константин. Бамматказиевэ Марьям и фІыщІэкІэ, щыхубзэхэм я зэхьэзэхуэм ящэ щищащ Дагъыстэныр. Абы кІэлъокІуэ Къэбэрдей-Балькъэрым и спортсменкэ Битюцкая Ириндэ.

Финалым хэтыну хуитыныгъэ кьахьыш папщІэ шахматистхэри зэпеуащ. Джэгугъуиплым кърикІуэахэм ящкІ иткІэ ящэ ищащ Къэбэрдей-Балькъэрым щыщэу Кьармэ Мажмудинрэ Джэдгъэф Чэмалрэ. Бысымхэм якІэлъокІуэ Ставрополь краим и шахматистхэр. Нобэ шахматымкІэ кІэух джэгугъуэхэр екІуэкІынущ.

«Кавказ Джэгухэр-2012» фестивалым и пресс-центр.

ХьэщІэхэм яхуэгуапэ щІыналъэ

Федоров Андрей фестивалым кьрихьэлІахэм фІэхьус гуапэ ярех.

Щад Залинэ кьопсальэ.

Мы махуэхэм ди республикэм щекІуэкІ «Кавказ Джэгухэр» спорт-щэнхабзэ фестивалым ирихьэлІэу, «ХьэщІэхэм яхуэгуапэ Кавказ» урысейпсо зэхьхьэр кьыщызэІуахащ зэІущІэхэр щрагъэкІуэкІыу Налшык дэт «Эльбрус» шхапІэ-зыгъэпсэхупІэм. Іуэхур хуэгъэпсащ унафэщІ лэжьакІуэхэр гъэхьэзырыныкІэ Президент программэр зэрырагъажьэрэ илъэс 15 зэрырикъум.

ФЕСТИВАЛЫР кьызэрыгъэпэщахэм я мурадщ Кавказым иужьрей илъэхэм иІэ хьуа зыужьыныгъэр, хьэрычэт щІэным зэрыхуэІэижькьр кьагъэлъэгъуэныр, кьыщІигъэкІ ерыскьыпхъэхэмрэ зэфІигъэкІ Іуэхутхьабзэхэмрэ пхагъэкІкІэрэ, КИФЩІ-м щыпсэухэм хуаІэ щыткІэм фІы и лъэныкъуэкІэ зрагъэхьуэжьну, льэпкъ хабзэхэмрэ щэнхабзэ хьугъуэфІыгъуэхэмрэ кьагъэщІэрэщІэжьыну. Апхуэдэу, фестивалыр хуэунэтІащ щыналъэм и инвестицэм хэгъэхьуэным, туризмым зегъэужьыным, нэгъуэщІ щыналъэхэм зэрадэлажьэм зрагъэубгъуным.

Богданов Владимир зэхьхьэм хэтхэм екъулІэныгъэ яІэну йохьуэхьу.

Министр Мусуков Алий фестивалыр зэрекІуэкІынум топсэльыхь.

Къыхэгъэщыпхъэщ, КИФЩІ-м унафэщІ лэжьакІуэхэр гъэхьэзырыныкІэ щыІэ «Кавказ Ищхъэрэ» Президент программэм тету еджахэм я зэгухьэныгъэм и Консорциумым хэтхэм мыр я ящэ проекту зэрыщытыр. Ар кьызэрагъэпэщащ Президент программэмкІэ СІZ нэмыщІ Іуэхущ1апІэр я дэІэпыкъуэгъуэ.

ЗэІущІэм кьрихьэлІащ Президент программэм тету ирагъэджахэр, КИФЩІ-м и гъэзэщІакІуэ властымрэ щІыпІэ самоуправленэмрэ я органхэм, Президент программэр щагъэзащІэ кьэралхэм я лыкІуэхэр, хьэрычэтыщІэ Іуэхущ1апІэхэм я лэжьакІуэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр, нэгъуэщІхэри.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

■ ЗэІущІэхэр ■ Щэнхабзэ ■ Щикъухащ адыгэр дунеижьым

КЪЭБЭРДЕЙ

■ Махуэгъэпс Щбэт кьыдокІыгъуэ ■ Малъхьэдис

ДУНЕЙМ ЩІЫХЬЫБАРХЭР

ЩІыдагъэм тещІыхьауэ

2013 гъэм Урысейм и бюджетыр зэхалъхьащ мы зэманым щІыдагъэм и уасэхэр зыхуэдизым тещІыхьауэ.

Проектыр Къэрал Думэм къыщищтэнур дыгъэгъазэщ. Абы, зэрыгурыІуэгъуэщи, зэхъуэкІыныгъэ зыкъом игъэтынущ. Ар кьыщыгъэлъэгъуащ УФ-м и Премьер-министр Медведев Дмитрий и видеоблогым.

Каталониер увыІэркъым

Испанием щытыкІэр нэхъри щаІэщІопІэ.

Националистхэм ящыщ куэд яубыда иужь, Каталонием и парламентым унафэ кьищтащ Испанием хэкІым е кьыхэнэным теуХуа референдум ирагъэкІуэкІыну. Арщхьэкіэ Мадрид щыжаІэ апхуэдэ унафэ къэзыщтэну хуитыр Испанием и парламентыр арауэ.

ЗэхъуэкІыныгъэхэр халъхьэ

УФ-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм кьыхилъхьащ илъэсыщІэ зыгъэпсэхугъуэхэр дыгъэгъазэм и 30-м кьыщыщІэдзауэ щыпшылэм и 8 пщІондэ я кІыхьагъэу щытыну.

Абы щыгъуэми накъыгъэ мазэм и пэщІэдзэм псори зэхэту махуибгъэкІэ загъэпсэхунущ, лэжьэгъуэ махуитІ фІэкІа я мызэхуакъу.

КъудамэщІэ

Къэрал Думэм дяпэкІэ иІэнущ къудамэщІэ - Информацэ политикэмрэ информацэ технологиехэмкІэ комитет.

Нэхъапэм а Іуэхухэм елэжьу щытар Ищхъэрэ палатэм Щэнхабзэмкіэ и комитетыгъ. Арщхьэкіэ, гъащІэм къигъэльэгъуащ зи гугъу тщІы Іэнатіэм комитет щхьэхуэ пэрытын зэрыхуейр.

Мы махуэхэм

Фокіадэм и 29, щэбэт

t Гум и дунейпсо махуэщ. 2001 гъэ лъандэрэ ягъэлъапІэ Гум и дунейпсо федерацэм и жэрдэмкІэ.

t Украинэм щагъэлъапІэ Бабий Яр щыпІэм щыхэкІуэдахэм я фоеплъыр. 1941 гъэм фокіадэм и кІэух - жэпуэгъуэм и пэщІэдзэ махуэхэм фашистхэм Киев и ищхъэрэ кьухьэпІэ гьунэм щаукІащ щыхуэ мамыру, гъэр ящІа совет зауэлІу мини 150-рэ.

t Илъэси 105-рэ и пэкІэ (1907) Петербург кьыщызэІуахащ трамвай гъэзу.

t 1807 гъэм кьалъхуащ генерал-майор, ящэ адыгэ тхакІуэ **Къаз-Джэрий СультІан.**

t 1921 гъэм кьалъхуащ Совет Союзым и Лыхъужь **Хьэбэч Умар.**

t 1932 гъэм кьалъхуащ кхъухьлъатэзехуэ, генерал-лейтенант, Сирие Хьэрыпе Республикэм и ВВС-хэм я штабым и унафэщІ **Абаза Мамдух.**

Дунейм и щытыкІэнур:

«meteonovosti.ru» сайтым кьызэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ, хуабэу махуэм градус 22 - 24-рэ щыІэнущ.

Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 7-рэ дакъикьи 2-м, кьухьэжьнуш сыхьэт 18-рэ дакъикьэ 47-м.

Хьэуам и псыГагъэр кьитІэсэнущ процент 74-м.

Фокіадэм и 30, тхьэмахуэ

t **Дэгъэзэн я кьэрал зэхуаку махуэщ**

t **Абхазэ Республикэм и кьэрал гуфІэгъуэщ** - ар хамэ унафэ кьыщыщІэкІа махуэщ.

t Урысей еджагъэшхуэ-гуманист, филолог-кьэхутакІуэ, жылагъуэ лэжьакІуэ, РАН-м и академик, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь **Лихачев Дмитрий** (1906 - 1999) и фэеплъ махуэщ.

t 1835 гъэм кьалъхуащ Тыркум щекІуэкІ щэрджэс лъэпкъ-щэнхабзэ зэщІэхъеенныгъэм хэлІыфІыхьа, маршал, дипломат **ТІыгъуэ ФуІэд-пащэ.**

t 1930 гъэм кьалъхуащ США-м и щыпсэу адыгэхэм я зэгухьэныгъэм жьыдэру хэт егъэджакІуэ **Хильми (Хьажокьуэ) Мажид.**

t 1947 гъэм кьалъхуащ Сириеи шынагъуэншагъэмкІэ и кьарухэм я генерал-полковник **Абаза Уэлид.**

Дунейм и щытыкІэнур:

«meteonovosti.ru» сайтым кьызэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ, хуабэу махуэм градус 21 - 25-рэ щыІэнущ.

Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 7-рэ дакъикьи 2-м, кьухьэжьнуш сыхьэт 18-рэ дакъикьэ 47-м.

Хьэуам и псыГагъэр кьитІэсэнущ процент 59 - 84-м.

Жэпуэгъуэм и 1, блыщхьэ

t **Жылагъуэхэм я дунейпсо махуэщ**

t **Архитектурэм и дунейпсо махуэщ**

t **Китай ЦІыхубз Республикэм и Льэпкъ гуфІэгъуэщ** - Республикэр кьыщызэрагъэпэща махуэщ (1949).

t Илъэс 20 и пэкІэ (1992) УФ-м и Ахъшэ хъуманІэ банкым цІыхуэхэм яриту щІидзащ приватизацэ чекхэр (ваучер жьхуаІахэр). Зы чекым сом мини 10 и уасэу яГэІуат.

t Куржым парламент хэхыныгъэхэр щокІыжьІ.

t Илъэс 85-рэ и пэкІэ кьалъхуащ урысей актер икІи режиссер, МХАТ-м и режиссер нэхъыщхьэ, СССР-м и цІыхубэ артист, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь **Ефремов Олег** (1927 - 2000).

t 1906 гъэм кьалъхуащ тхакІуэ, драматург **Нало Жансахъу.**

t 1937 гъэм кьалъхуащ генерал-майор **Хьэуэ Владимир.**

Дунейм и щытыкІэнур:

«meteonovosti.ru» сайтым кьызэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ, хуабэу махуэм градус 23-27-рэ щыІэнущ.

Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 7-рэ дакъикьи 3-м, кьухьэжьнуш сыхьэт 18-рэ дакъикьэ 45-м.

Хьэуам и псыГагъэр кьитІэсэнущ процент 59 - 74-м.

Планэзэр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

Лъэпкъ Іуащ1ъэ:

Зэ укъызэхуэха жыгым етІуанэу удэмыпщей.

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Къанокъуэ Арсен «Кавказ Джэгухэр-2012» фестивалым зэрыхуэхьэзырыр къепщытэ

Налшык къалэм дыгъуасэ кьыщыхэIуаха «Кавказ Джэгухэр-2012» фестивалым зэрызыхуагъэхьэзырар вэсэмахуэ аргуэру зэ кьыпщытэжащ Къэбэрдей-Балькъэрым и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен.

ПРАВИТЕЛЬСТВЭМ и Унэм и гупэкIэ щыIэ Зэгурыlуэныгъэ утым уэздыгъэ зэмыдфэгъухэр кьыщыщIэнэ, музыкэр кьыщеуэ псыутхыр зыщIхэм республикэм и Iэтащхьэм жраIащ нобэ, фокIадэм и 29-м, а псыутхыр яутIыпщу зэрагъэунэхунур. Псори тэмэмэ, псыутхыр фестивалыр иуха нэужьи аргуэру зы мазэм щIигъукIэ гъэжьнущ.

Апхуэдэу Къанокъуэ Арсен еплъащ фестивалыр кьыщызэIуахыну, зэпеуэхэр щрагъэкIуэкIыну «Спартак» стадионымрэ абы и Iэшэлъашэхэмрэ икIи ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм арэзы техъуащ.

Пшапэр зэхэуа пэтми, Абхъазым и утым лэжьыгъэхэр щыlэныуатэкъым. Абы фестивалым кьеIуэлIэну республикэхэм я лъэпкъ пщIантIэхэр щагъэувырт. КъБР-м и Iэтащхьэр епсэлъащ ди республикэм и лъэпкъ пщIантIэр кьыщыlэзIуахыну щэтырыр зыгъэувхэм. Абыхъм быдзу жалащ кьапэщыт Iуэху псори нэгъэсауэ икIи фIыуэ зэрызэрIагъэкIынур.

Урысей Федерацэм и субъектхэм я кьэрал властым и гъэззщIакIуэ органхэм зэрадзлажьэр убзыхуныбрэ жьылагъуэ хабзэр хьумэныкIэ Управленэ нэхьыщхьэм и унафэщI Демидов Юрий КъБР-м и Iэтащхьэм жриIащ фестивалыр щекIуэкIыну щIыпIэ псори нэгъэсауэ зэпщIапщIыкIынур, фестивалыр щекIуэкI зэманым шынагъуэншагъэ кьызэрэпэщыныбрэ хабзэр хьумэныбрэ республикэм и полицэм щыIагъуу мы щIыналъэм щыlэ адрей хабзэхьумэ IэнатIэхэри зэрыхэтынур.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1ал1э.

ХьэщIэхэм яхуэгуапэ щIыналъэ

(КIэухыр. Пэщlэдзэр 1-нэ нап.).

Зэрыфщlэщи, дуней псор щыгъуазэщ Кавказым исхэр хьэщIэкIэ зэрыфIым. Урысейм и щIыналъэ 14 зыхэт фестивалыр фIэхъыс гуапэкIэ кьызэIуахащ лъэпкъ фащэ екIуэр зыщыгъ. Налшык къалэм и №44-нэ сабий садым и гъэсэнхэм. ЩIыхь зыпыль а къалэныр ныбжьыщIэхэм щIыльагъэсар зи нэщэнэр, дауи, ижь-ижьыж льандзэр лъэпкъхэм кьадекIуэкI а хабзэ дахэм щIэблэри пасэу зэрыщIапIыкIыщ.

УНафэщI лэжьакIуэхэр гъэхьэзырынымкIэ щIыналъэ комиссэм жэуап зыхь и секретарь **Щоджэн Заирэ** кьызэрыхигъащамкIэ, фестивалыр 2010 гъэм ирагъэкIуэкIыну яубзыхуа щхьэкIэ, Кавказ Джэгухэм ирихьэлIэущ Iуэхур кьыдахыну кьащхьэулар:

- КъБР-м и Правительствэмрэ Экономикэ зыужьынымгъэмрэ сатумкIэ и министерствэмрэ куэдкIэ кьыддоIэпыкъу. Иужьрей илъэситхум цIыху зыбжанэ Германием щеджэну дгъэкIуащ. Iуэхур кьыддэзыIыгъ спонсорхэми хуабжьу дагъэзэрэщIы. Апхуэдэщ, «Налшык и щэ комбинат», «Къэбалькъгипс», «Концерн ЗЭТ» ООО-хэр, «Урысейм и КъушмапIэ банк» ОАО-м и щIыналъэ къудамэр, «Телемеханикатехнопарк», нэгъуэщIхэри. Ахэращ ди екъулIэныгъэхэр зи фIыгъэр, - жиIащ Щоджэн Заирэ.

КъБР-м Экономикэ зыужьынынгъэмрэ сатумкIэ и министр, унафэщI лэжьакIуэхэр гъэхьэзырыныбмкIэ щIыналъэ комиссэм и пащэ **Мусуков Алий** КъБР-м и Iэтащхьэм, республикэм и Правительствэм хэтхэм я цIэкIэ зэхуэсахэм екъуэхъуащ программэр зэрырагъажьэрэ илъэс 15 зэрырикъум папщIэ.

- Зэхьихьэм фащэр аргуэру зэ щыхьэт тохьуэ, дапщэщи хуэдэу, ди щIыналъэр хьэщIэкIэ зэрыфIым. НэгъуэщI щIыпIэхэм щыпсэухэм папщIэ ди республикэр сыт щыгъуи зэIухащ. Урысейм исхэр дызрихьэлIэ гугъуехьхэм зэгъусэу дапэщIэтмэ, шэч хэлъкьым куэд зэрыгъуэфIэкIынум, - жиIащ Мусуковым. - Мы дызыкъуэкIуэ махуищым екIуэкIыну фестивалым зэхьихьэ зэхуэмыдэхэр щыIэнущ. Апхуэдэхэщ, спорт зэхьэзэхуэхэр, хадэжкIэмрэ ерыскъыпхьэхэмрэ я гъэпсыгъуэныгъэхэр, щIыналъэмрэ я гъуэзджэмрэ я лэжьакIуэхэм я зэхьихьэ гъэщIагъуэныгъэр, концертхэр, нэгъуэщIхэри. Фестивалым хэтхэм екъулIэныгъэ фIиэну си гуапэщ.

Москва щыlэ ЗИЗ зэгухьэныгъэм и унафэщI **Богданов Владимир** зэхьихьэм хэтхэм фIэхъус гуапэкIэ захуигъэза нэужь, фестивалыр кьызэзыгъэпэщащэм я Iуэхущапlэри зэрращыщым зэрыригушхуэр жиIащ. Зыбжанэрэ ди республикэм щIэну кьызыхуихуа москвадзэсым нэгъуэщI щыlэхэм кьикIаехэм яжриIащ Къэбэрдей-Балькъэрым и щIыуэпсыр зэрыкъулейр, щыпсэухэр зэрыщыхьу гуапэр.

КИФЩI-м унафэщI лэжьакIуэхэр гъэхьэзырынымкIэ щIыlэ «Кавказ Ищхьэрэ» Президент программэр кьэзыухахэм я зэгухьэныгъэм и Консорциумым хэтхэм я унафэщI **Щад Залинэ** зэхуэсахэм яригъэIуэхуащ нэгъуэщI щIыпIэхэм кьикIаеу я Консорциумым хэтхэр, кьапщтэмэ, Дагъыстэн, Ингушыр, Щэшэн, Къэрэшей-Щэрджэс, Осетие-Ищхьэрэ-Алание республикэхэм, Ставрополь крайм щыщхэр.

Зэхьихьэм кьыщыпсэлъащ «УнафэщI лэжьакIуэхэр гъэхьэзырынымкIэ Федеральнэ Ресурснэ Центр» (ФБУ) Москва щыlэм и унафэщI **Федоров Андрей.**

ТекIуэжь Заретэ.

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

●УФ-м и Къэрал Думэм

Диныр зыгъэпудхэм яхь жэуапыр ягъэткIий

УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм иджыпсту щыхопльэ щIыхуэм я дин фIэщхьыныгъэхэр хэзыгъэхэм, диныр екъэлIа щIыпIэ льапIэхэр зэрыгъэпудхэм яхь жэуапыр гъэткIийным хуэунэтIауэ Урысей Федерацэм и Уголовнэ кодексым зэхьэрыкIынырэ хэлъхьэным теуха законопроектым.

Васильев Юрий

КЪУАНШАГЪЭ зылэжьахэм илъэситхум нэс трагъэлну, апхуэдэу диныр зыгъэпудхэм трагъэхъэ кьуэдыр хуэди 100-кIэ нэхьыбэ ящIыну я мурадщ. Ар Думэм хэт фракцэ псоми даIыгъащ.

- Апхуэдэ зэхьэрыкIынрэ зэхьэрыкIынрэ кьызэтрагъэувыIэн хуейщ диным екъэлIа хабзэнщагъэу нужь зэманым ялэжьхэр, - жиIащ Къэрал Думэм Бюджетымрэ налогхэмкIэ и комитетым хэт Васильев Юрий.

Къэралым законхэр кьыдзыгъэкI и органым Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм кьыбгъэдэкIыу хэт депутатым кьыхигъэщхьэхуейщ мы закономроектыр ягъэхьэзырын хуей щIэхьуар нужьрей зэманым диным ехьэлIа хабзэнщагъэхэм зэрызаубгъур, цIыхухэр зэфIэзыгъанэ фильмхэмрэ карикатурэхэмрэ нэхъыбэ зэрыхъуар арауэ зэрыщытыр.

- Законодательствэм апхуэдэ зэхьэукIыныгъэхэр фIэкIыпIэ имыIэу зэхьэлъэпхьэр парламентарэм я мызакъуэу, ди цIыхухэм я нэхьыбапIэм я дежкIэ нэрылъагъущ, - жиIащ депутатым.

●Къэрал Iуэхущапlэхэм

Гъэзгухэр зэрагъэпэщыж

2012 гъэм ирагъэкIуэкIыну гъэзгу лэжьыгъэхэм я программэм хьыкIуэ, Къэбэрдей-Балькъэрым и щIыналъэ гъэзгухэр зэрагъэпэщыж, зыхуей хуагъазэ. Кьапщтэмэ, Псынэдахэ - Дзэлыкъуэдзэ - Дженат - Каменномост (Псынэдахэ кьыпэзыкIухьыр) жылагъуэхэр зэпызыщIэ автомобиль гъэзгум щыщу километри 2,9-рэ зыхуей хуагъэзащ. Бадзэуэгъуэм и 16-м щIидзэри, «Бахьсэн ДРСУ» ООО подряд организацэм сом 14660-рэ и уасэ а лэжьыгъэр и пIалъэр кьэмысу зэфIигъэкIащ.

СТАРЭ Шэрэдж - Жэмтхьэлэ («Кавказ» автомобиль гъэзгум кьыщыщIэдзауэ Псыгуэнсу кьуажапщэм нэсыху) гъэзгум щыщу километри 8,6-рэ зэрагъэпэщыж. А лэжьыгъэр и кIэм ноблагъэ. «Партнер» ООО подряд организацэм лэжьыгъэм хухаха сом 32355-м щыщу 27765-р фокIадэ мазэм кьыгъэсэбэпащ. Псыгуэнсу кьуажэм псы кIуапIэхэр зэрыщащхьэжьым кьыхжьIыу, лэжьыгъэр пIалъэкIэ кьызэтрагъэувыIами, ари жэпуэгъуэм и кIэм ятыну я мурадщ.

КъБР-м Гъэзгу хозяйствэмкIэ и кьэрал комитетым и пресс-Iуэхущ1ал1э.

●Гулъытэ

Гъэ къэси хуэдэу

Къэбэрдей-Балькъэрым щыщу Iэнатlэм фэбжь хэзыха цIыхухэм Iэкlэ зэрагъакIуэ «Жигули» автомашинэхэр иратащ.

ЗИ УЗЫНШАГЪЭР зыфIэкIуэдам дежкIэ автомашинэр зэштегъэукым, атlэ Iэмалымышэу зыхуейщ. Iэнатlэм фэбжь хэзыхахэр е узыфэ гъэтIылъа зиIэхэр тыншын, зыхуей хуэзэн папщIэ, ди Iуэхущапlэм хуэзфIэкIыр яхуеищI, - кьыхигъэщащ УФ-м Социальнэ страхованэмкIэ и фондым и Къэбэрдей-Балькъэр щIыналъэ къудамэм и унафэщIым и кьалэнхэр зыгъэзащI **Бэрокъуэ Ахьмэд, Ксанаев Хьэмзэтрэ Дау Алийрэ** IункIыбзэIуэхэр щаритым.

Зым бынилI, адрейм тху яIэщ. Апхуэдэ унагъэшхэм ураттэкъмадэнырэ икIи кьызэрагъэгъэкIым икIи пщIэшхэщ. 1980 гъэм «Сукан-Су» колхозым и бэкъэ щаухэм, метрипщI зи льагагъ унащхьэм Iсканаев Хьэмзэт кьеуэхауэ щытащ. Куэдрэ сымэджащ, къэтэджкьыкфынуи и гуГъакIым, ауэ узым текIуэри, кьызэфIэувэжащ. 90 гъэхэм ар зыми кьыфIэIуэхужакъым. Иджы, апхуэдэ гулъытэ кьыхуищIу, етIуанэу автомашинэ кьезыт Социальнэ страхованэмкIэ фондым фIыщIэ хуещI.

Дау Алий и Iэщlагъэкlэ сатуущщ. 1977 гъэм лэжьыгъэ Iуэхуи I экьауэ, мафIэгум пэщIэхуэри, и лъакъуэ сэмэгур памыхьу хьуакъым. Протез иригъэщIри, пенсэм кIуэху Iэнатlэм пэрытащ. ЗэрызекIуэр автомашинэщ, илъэс тIощIрэ тхурэ хьуауэ рулым дэсщ.

Бэрокъуэ Ахьмэд зэрыжиIамкIэ, илъэс пщыкIуз хьуауэ къэрал программэм тету, щIыналъэ щIыпIэхэр автотраспорт хэхамкIэ кьызэрегъэпэщ. А эзманым кьрифыбдзу автомашинм 170-м щIигъу, мы гъэм пIы зыгъэнысыжэм хуагъэшащ.

Автомашинэхэр зэгъэпэщыжьынымрэ дагъэгъэсынытхъэхэмрэ трагъэкIуадэр УФ-м Социальнэ страхованэмкIэ и фондым мазищ кьэс яхуетыж, апхуэдэу транспортыр зэрызекIуэ илъэсыблым и кIуэцIкIэ ар зыхуей хухуагъаназ.

Автомашинэхэр яхуэгъэзынырэ IэнатIэм кьыщыхьэу фэбжьхэм, узыфэ гъэтIылъахэм цIыхухэр ящыхъумэным теухуауэ фIэкIыпIэ зимыIэ социальнэ страхованэмкIэ фондым иригъэкIуэкI лэжьыгъэм я ныIыхь мащIэщ. А страхованэ лIэужьыгъуэр 2000 гъэм и щIышылIэм кьащта Федеральнэ закон №125-м зэращыщыбзыхуам тету, Урысей Федерацэм кьыщызэрагъэпэщ.

Мы законым ипкъ иткIэ, хущхьуэхэм, санаторэ-курорт путевкэхэм, медицинэ, узыншагъэр зэрызэтрагъэувэж, протез-ортопедие Iэмэпсымэхэм хуэзэ зэ етыгъуэ, мазэ кьэс хухах страховой ахьшэхэр Социальнэ страхованэмкIэ фондым IэнатIэм фэбжь щыщыгъуэтхэр ярет. Мы гъэм а Iуэхум сом мелуани 110-м щIигъу хуаутIыпщащ.

IэнатIэхэм кьыщыхьэу насыпыншагъэхэр иужьрей илъэсхэм нэхъ мащIэ мэхъу. Ар и фIыгъэщ щытыкIэр егъэфIэкIуэным теухуа федеральнэ программэм республикэм и предприятэхэр зэрыхъым. Социальнэ страхованэм и къэкIэкIэ IэнатIэхэр аттестацэ ящI, цIыхухэр ирагъаджэ, фэбжьхэм щызыхьумэ щыгъынкIэ, Iэмэпсымэкъ кьызэрагъэпэщ, лжьыгъэ гугъу зыгъэзащIэхэм я узыншагъэм санаторэхэмрэ курортхэмрэ щыкIэльагъэпль.

ХУЖЬ Наталье.

●Щэнхабзэ

Макъамэм и илъэс

«Сочэ-2014» Щэнхабзэ Олимпиадэр проектым и ещанэ илъэсыр макъамэм хухахащ.

УРЫСЕЙМ и тхьэдэм щыяпэ Щымахуэ Олимп Джэгухэм я кьыдзэгъэпэщащ Iуэхэм, гъэ кIуахэм хуэдэу, щэнхабзэ зэхьэхэ зэмылIужьыгъуэхэр ягъэхьэзыр. Абыхъм ящыщ Урысейм нэгъуэщI къэралхэмэ щыщ артистхэр зыхэт концертхэмрэ фестивалхэмрэ, зэхьэзэхуэхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр, «стIол хьурейхэмрэ» мастер-классхэмрэ.

«Сочэ-2014» Щэнхабзэ Олимпиадэр къэралым и щэнхабзэ IуэхугъуэфIэхэр утыку кьыщрахьэ зэIущIэ гуапэщ. 2014 гъэм олимп къэлащхьэм щыIэныгъэ ин зыхуейхэм я екIуэкIыкIэмрэ абыхъм щытекIуэхэмрэ я зэфIэкIым и закъуэкым. Сочэ, Къэубыдэ (Красная Поляна) щыпIэхэм я утыкуэхуэ пщIы бжьигъэхэм щекIуэкIынущ Урысейм щыпсэу льэпкъхэм я щэнхабзэм, гъуэзджэм ухэзыгъэгъуазэ зэхьыхьэхэр. Араш «Сочэ-2014»-р кьызэзыгъэпэщхэм 2010 гъэм щыщIэдзауэ, ди къэралым и щIыналъэхэр я гъусэу, фIым я фIыжьхэр егъэгъуэ кьызыщIыхахыр.

Щэнхабзэ Олимпиадэм и илъэсхэр гъуэзджэ лIэужьыгъуэ гуэрым хуэхэащ: 2010-р - Кином и илъэст, 2011-р - Театрым, 2012-р - Макъамэм, 2013-р - Музейхэм.

Проектым Урысей псор кьызэрызэщIиубыдэм къэралым и дэтхэнэ зы щIыхуми Iэмал ирет щэнхабзэ Iуэхухущхьэм хэтыну, лъэпкъ хьугъуэфIыгъуэхэмрэ екъулIэныгъэхэмрэ ихьуэмэну икIи иригъэфIэкIуэну.

«Сочэ-2014» Щэнхабзэ Олимпиадэм и екIуэкIыкIэмущыкIэльыплъыкIынущ **www/culture/sochi2014/com** порталым.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1ал1э.
E-mail:president-kbr.ru www. president-kbr.ru.

«Нартшырым» и текIуэныгъэ

Нарткъалэ Щэнхабзэмкlэ и унэм и «Нартшыр» къэфакIуэ гупыр Сочэ щекIуэкIа «Къафэ олимпиадэ - 2012» щIыналъэ зэхуаку зэхьэзэхуэм щытекIуащ.

ЗЭПЕУЭМ хэтащ ди къэралым и республикэ зэхуэмыдэхэм кьикIа къэфакIуэ гуп 14. «Нартшыр» ансамблым и художественнэ унафэщI Хьэщыкъуей Аллэ зэрыжиIэмкIэ, абыхъм ящыщ дэтхэнэ зыри зыхэрхуэрэгъу льэщтconsidерэ, и гъэсэнхэр мымащIу гъэзэн хуей хуащI. Арщхьэкlэ, ягъ щыкIэ щтэIэщтаблэ кьэхьуамэ, зыхэтраубыдэу текIуэныгъэр кьахьын яхуэхфIэкIащ. Гупым итхъэщIа кьафэмрэ уджымрэ псори итхъэжьат, Iэгуауэщхэм хуаIэтащ. Абы кьэпщытакIуэ гупым кьыхухигъэфэщащ ягъ уВыпIэр икIи Урысейм щыпсэу льэпкъхэм я артиадэм и лауреат хуауащ. Ансамблым кьратащ дыщэ медалрэ щIыхь тхьылърэ.

«Нартшыр» къэфакIуэ гупыр щIэх-щIэхуерэ зэхьэзэхуэхэм макIуэ, дэтхэнэмэ увыпIэфIэкIэ кьыщыкъ, и зэфIэкIымкIэ щыхуэкIэ кьыдекъэх. Щэч хэмылIу, апхуэдэ екъулIэныгъэ кьахуэзыхьыр емыязэщу гурэ псэкIэ Iуэхум зэрыбгъэдыхэрщ.

СОКЪУР Риммэ.
Аруан район .

●Банк Iуэхуэр

Мази 9-м сом мелардым щIигъу

«Урысейм и Хьуманlэ банк» ОАО-м и Къэбэрдей-Балькъэр къудамэм и унафэщIым и кьуэдзэ Тутыкъу Мурат иджыблагъэ иригъэкIуэкIа пресс-конференцым зэрыщыжIамкIэ, хьэрычэтыщIэ Iуэхум хьыхьну хуейкъэ «Бизнес-Старт» кредитыщIэм апхуэдэ Iэмал кьахуэзэригъэпэщынущ.

АР ФРАНЧАЙЗИНГ (зи цIэкIэ лэжьэну хуит) компаниехэм ягъэхьэзыра тхьылъхэмкIэ зи бизнес зыухуэну хуейкъэм ират щIыхуэщ. Зи Iуэху кьыдэзыхьыну хуейм кьыхуагъэлъагъэр сатум куэд щIауэ хэзэгъа щыгъын щапIэ тыкъуэным, маниюкр студием, кафем, жьыщапIэм, спорт-узынщагъэр щрагъэфIакIуэ центрым, автомобиль тхьэщIыпIэм, нэгъуэщIхэми я технологиеихэм ящыщ зы. Езыми урысей рынокым щылажьэ сыт хуэдэ компаниеми и франшизэр кьищэхуну хуитщ. Нэхьыщхьэр ХьуманlэБ банкым и аналитикхэм фирмэфIу кьалытэхэм ящыщым зэрыхуейр.

КьищынэмысщIауэ, ХьуманlэБ банкым хьэрычэтыщIэ Iуэхум пщIэнщэу хуригъэжьэнущ, маркетинг, налог, бухгалтер учетхэр зэращIым хитъэгъуэзэнущ.

Тутыкъу Мурат кьызэрыхигъэщамкIэ, «Бизнес-Старт»-р ХьуманlэБ банкми, адрей апхуэдэ Iуэхущапlэхэми бизнесым хьыхьэхэм щыхуэ зэрырат IэмалыщIэщ. ЗэрытщIэщи, банкхэм ярIэфIкIым зи Iуэху зыублэхэм кредит иратыну. Щхьэусыгъуэр хьэрычэтыщIэ щIэзыдзэгъащIэхэм бизнес гъэпсыкIэм тэмэму зэрымэкIыщIыкIыр, хуэфащэ щIэныгъэ зэрымыIэрщ.

ХьуманlэБ банкым бизнесым хьыхьэм нэхъыбэ дыдэу иритыр сом мелуани 3-щ. Илъэси 3,5-м тещыхьэ щIыхьэм щхьэщатыкIэр процент 17,5-рэ мэхъу. Ар кьыIах хьунущ илъэс 20-м кьыщыщIэдзауэ 60-м нэс си ныбжьхэм. Мыбдежьым банкыр хьэзырщ бизнесыр зэтеувэн щхьэкIэ зыхуей ахъшэм и процент 80-м нэблагъэр яритыну.

Тутыкъу Мурат зэрыжиIамкIэ, хьэрычэт Iуэхум хьыхьэну зи мурадхэм ХьуманlэБ банкыр нэхъапэм ядэлажьэу щытакъым. Зыдэлэпыкър ар зэтеэзыблауэ бизнес-план хьэзыр зиIэхэрт. «Бизнес-Старт»-м и кьалэныр иужьрей илъэсищым хьэрычэтыщIэ Iуэхум хэмытахэм защIэгъэкъуэнырщ.

Урысейм и ХьуманlэБ банкым и Къэбэрдей-Балькъэр къудамэм мы гъэм щыщу блэжьа мази 9-м бизнес щыкIуи и Iэнатlэ 700-м сом зы мелардым щIигъу щыхуэу яритащ. Апхуэдэу «Доверие» жьхуиIэ щэсыпIэншэ кредит проектым жьыдэжу хэтщ. А щыкIэм тету, нобэ ирихьэлIэу, хьэрычэтыщIэ 1500-м нэблагъэм сом мелуан 900-м нэс яхухихащ. А бжьигъэр Кавказ Ищхьэрэ банкым щыхьэхьэщ.

БАГЪЭТЫР Анзор.

●Прохладнэ куей

Уэрам псо щауху1ащ

Ди республикэм щогугъу унэжьхэм щIэсхэр щIэхэм гъэIэпхъэным екъэлIа къэрал программэр гъэзэщIэным.

ПРОХЛАДНЭ куейм и Прогресс жылагъуэм унэщIэ защIэу уэрам псо щауху1ащ. Мыгувэу абыхъм ягъэIэпхъэнущ жьы дыдэ хьуа унэ зэтетхэм щыпсэуэхэр.

2011 гъэм программэм хиубыдауэ щыта унагъуитIым Кьэрэгъэщ кьуажэм унэ щратащ. Иджыпсту зи чэзу унэр Солдатскэм щыуэ. Мы куейм щыпсэу унагъуэ 34-рэ (цIыхуи 108-рэ мэхъу) псэупIэ кьхьахэхэм чэзу пыухыкIам тету кьыщIагъэIэпхъэкIынущ. Мыхэр псори зыхиубыдэр гъэ кIуам и программэрщ.

2012 гъэм кьрифыбдзэу Прохладнэ щыналъэм щыпсэу унагъуэ 26-м унэщIэ ратынущ. А унэхэр щаухуащ Учебнэ, Красносельское, Лесное жылагъуэхэм.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

●ЩIэблэ

Ди нобэр - къытщIэхъуэм я пщэдейщ

«Урысей зэкъуэт» партым и Къэбэрдей-Балькъэр щыналъэ къудамэм иджыблагъэ иригъэкIуэкIащ зи школ кIуэгъуэ мыхьуа сабийхэр щагъасэ Iуэхущапlэхэм зэрыщагъэужьынум, абы нобэкIэ яI ныкъуэныгъэхэм щытепсэлъыхьа «стIол хьурей».

ЗЭIУЩIэм хэтащ «Урысей зэкъуэт» партым и Къэбэрдей-Балькъэр щыналъэ къудамэм и политсовет и секретарым и къудзэ, «Сабий гъэсапIэхэр - сабийхэм» урысейпсо проектым и унэтIакIуэ **Саенкэ Татьянэ**, 29-нэ гимназием и унафэщI **Смирновэ Татьянэ**, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и лэжьакIуэ **Темрокъуэ Иринэ**, нэгъуэщIхэри.

ЗэIущIэм Iуэху зэмылIужьыгъуэхэм щыхэпльащ. Псалъэм кьыдэкIуэу жьапIэмэ, хабзэм кьызэригъэуэ мардэм тету сабий садэр зыхуей-зыхуэфIкIэ кьызэрэпэщыным тепсэлъыхьащ кьызэхуэсахэр.

«Сабий гъэсапIэхэр - сабийхэм» урысейпсо проектыщIэр гугъэфIэхэр уэзыгъэщI Iуэхуфу зэрыщытым и гугъу ищащ Саенкэ Татьянэ.

- «Егъэджэныгъэ Iэнатlэр къэгъэщIэрэщIэн» федеральнэ программэм ипкъ иткIэ, иджыри сабий минитIым нэблагъэм тIысыпIэ яхуэтщIыну. Абы хухахыну мыльку сом мелуани 9-рэ мин 980-рэ хьуу1э ягъэбелджьылащ.

2012 - 2017 гъэхэм кьриубыдэу адэ-анэмрэ быныбмрэ Iуэхутхъэбзэ зэмылIужьыгъуэхэр щыхуащIэ Iуэхущапlэхэр кьызэIуахыну я мурадщ. Абы хьыхьнущ адэ-анэхэр, хуей хьумэ, чэнджэщ щагъэтыну, сайдж садым, школым щхьэусыгъуэ пыухыкIакIэ мыкIуэф сабийхэм щадэлэжьэну, школым хуэзыгъэхьэзыр унэтIныныгъэхэр ядэщIэ, махуэ псо, махуэ ныкъуэ щIыкIуэм щагъэкIуэфынну Iуэхущапlэхэр, нэгъуэщIхэри. «Дэ ди нобэр - кьыгъэщIэхьуэм я пщэдейщ», - жиIащ абы.

ЗэIущIэм и кIуэхум щыхьхэ тхьылъхэр ираташ я лэжьыгъэ мытынщым егугъуу пэрыт «Сабий гъэсапIэхэр - сабийхэм» урысейпсо зэхьэзэхуэм и унэтIныныгъэ зэхуэмыдэхэм щытекIуа цIыхунтхум.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

●ПщIэ

Iуащхьэмахуэ и хьэщIэхэр

Зи ныбжь хэкIуэтахэм я махуэм ирихьэлIэу щIалэгъуалэ гуп Iуащхьэмахуэ дэкIащ. Абыхъм яхэтащ альпинист щIэрыIуэ Мэз Карин1э, КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьынныгъэмкIэ и министерствэм деж щыlэ Жылагъуэ советым хэт Гуппоев Тимур, альпинист ныбжьыщIэ Батырбековэ Асият, Японием щыщ Сан Танабэ.

ГУППОЕВ Тимур зэрыжиIамкIэ, гупыр Iуащхьэмахуэ зэрыщэкIар хуагъэпсащ ныкъуэдыкъуэхэмрэ зи ныбжьыр хэкIуэтахэмрэ. Апхуэдэ «зекIуэмкIэ» гупым хэтахэм кьагъэлъэгъуащ кьыдэкIуэтей щIэблэр гъэсэным псэмыблэжу пэрытхэм пщIэшхуэ зэрыхуащIыр. Ди лъэпкъхэм я тхыдэм фIыуэ кьыхоущхи ди нэхьыжьхэм сыт щыгъуи пщIэ яIэу зэрыщытар.

Iуащхьэмахуэ и щыгъум нэса щIалэгъуалэм я нэхъыбэр абы япэу дэкIуэ аращ. Абыхъм метр 3900-рэ зи льагагъ щыгум тхьэмахуэкIэ зыщагъэхьэзыращ. Гупым хэтахэм Iуащхьэмахуэ и щыгум щыхатIащ Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балькъэрым, «Урысей зэкъуэт» партым я ныпхэр.

ТОКЪМАКЪ Мадинэ.

●Бахьсэн куей

Псыхъурейдэсхэм я гъэтIылъыгъэхэр

Къуажэ библиотекэхэм иужьрей илъэсхэм ягъуэта гулъытэр Iэужьыныщэ хъуакъым. Нэрылъагъуу абыхэм ящыщ куэдыр къэщIэрэщIэжащ.

ЦIыхУ мини 2,5-м нэблагъэ щыпсэу Псыхъурейм и тхылъ хьумапIэм и гъэтIылъыгъэхэр мы зэманым мин 20-м фIыуэ щыдэдох, тхылъеджэхэм я бжьигъэри 1300-м нагъэсащ.

Мы лъэхъэнэ гугъуэм тхылъым иIэ гъэсэныгъэ мыхьэнэр кьэзыльытэ лэжьакIуэхэм зэфIэкIыу яIэр ирахьэлIэ кьуажэдэс щIалэгъуалэ нэхьыбэ библиотекэм кьызэрырашэлIэным. Нобэ мы Iэнатlэм и Iэхэутхъэбзэр кьагъэсэбэп школакIуэхэми, студентхэми, лэжьакIуэхэми, гъащIэ гъуэгуанэ кьызэзыпэнжа нэхьыжьхэми. Абыхъм ящыщ дэтхэнэми зыхуей мы библиотекэм щигъэтын хуэдэу лэжьыгъэр зэтеубла хьуащ.

Куба жылагъуэ тхылъ хьумапIэм кьыщыбгъуэтынущ дунейпсо классификэм, ди республикэм и тхакIуэхэм я Iадакъщэкlэхэр, зэрырагъаджэ методикэ тхылъхэр, тхыдэм тегъэщIа лэжьыгъэхэр, нэгъуэщIхэри.

«Компьютерыр гъащIэм щытепщэ хъуами, щIэблэ узынщэ ди Iэныкмкlэ тхылъым пэхъун зэрыщымыIэр ныбжьыщIэхэм кьаззэрыгурыдгъэIуэным дыхущIокъу», - жеIэ ильэс 20-м щIигъуауэ библиотекэм и унафэщIу лажьэ Хьуран Маритэ. Абы и лэжьэгъуущ зи Iэщlагъэм фIыуэ хэзыщIыкI Алмэ Светланэ.

Мыбдежьм кьагуроIуэ сыт хуэдэ библиотекэри щIэныгъэм и кьежьапIэу икIи зэманым декIуу щытын зэрыхуейр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● КъБР-м и Жылагъуэ палатэм

Ахъшэр тэмэму къахуэгъэсэбэпыркъым

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм лэжьыгъэ Iуэхухэмрэ социальнэ политикэмкIэ и комиссэм иджыблагъэ зэIущIэшхэу республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм щригъэкIуэкIащ. Абы щытепсэльыхьащ 2030 гъэм нэсыху УФ-м и пенсэ IэнатIэм зэрызнужьыну щыкIэу кыхъальхъам. ЗэIущIэм къырихьэлIащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэтхэр, республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ, ФинансэмкIэ, Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министерствэхэм, УФ-м и Пенсэ фондым и Управленэу КъБР-м щыIэм и Профсоюзхэм я федерацэм, щыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм, сатум пымыщIа организацэ щхьэхуэхэм я лIыкIуэхэр.

ЗэIущIэр къыщызэIухым, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Федченкэ Людмилэ жиIащ зытепсэльыхьыну кыхъаха Iуэхум мыхьэнэпхуэ зэриIэр, ар къэралым ис дэтхэнэ зы щIыхьми и псэукIэм зэрыпыщIар. «Урысейм иджыпсту щыIэ пенсэ IэнатIэр зытет хабзэщIэм 2002 гъэ лъандэрэ къагъэсэбэп. БлэкIа илъэсищIым кьриубыдэу наIуэ хъуащ абы фIыуэ хэтыри ныкъусаныгъэхэри. Къэралыр лъэхъэнэщIэм зэрыхьыхьам кыьхькIыу, пенсэмкIэ системэр егъэфIэкIуэн зыгъэхуейр иджыпсту псом я дежкIи зэрылъагъуащ», - кыхигъащхьэхуКIащ Федченкэ Людмилэ.

ЗэIущIэм къыщыпсэльащ УФ-м и Пенсэ фондым и Iуэхущ1апIэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ Бэлэтокъуэ Владимир. Абы мыхьэнэ хэха зиIэ Iуэху зыбжанэ къыхигъэщхьэхукIащ. Къащтэмэ, абы къызэрилытэмкIэ, 2030 гъэм нэсыху УФ-м и пенсэ IэнатIэм зэман кIыхьым тещIыхьауэ зэрызнужьыну стратегиемрэ концепцэмрэ къызэращэнум кьикIыр-къым 2002 гъэм мы IэнатIэм щрагъэкIуэкIа реформэр сэбэп мыхьуауэ. Илъэсипщ1 япхI3 къащта унафэхэм хуабжьу зрагъэужьащ къэралым и щIыхэр зэрагъэпэщ щыкIэм и страховой IэмалхэмI. «Стратегием зыкIи нэхъыкIэ ищIынукъым иджыпсту пенсэ зратхэмрэ дяпэкIэ пенсэ кIуэнуэхэмрэ я IуэхуР, сыту жыпIэмэ пенсэ IэнатIэм щызэкIуэ хабзэ нэхъыщIхьэхэр зэрыщыгъэкъэнэжынщ», - кыхигъащхьэхукIащ Бэлэтокъуэ Владимир.

Абы кьигъэльэгъуащ пенсэ IэнатIэм ехьэлIа бжыгъэ нэхъыщхьэ зыбжанэ. Къащтэмэ, 2012 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу лэжьапIэ IэнатIэхэм къыУкIыу пенсэ кIуаХэм КъБР-м ику щIэтыр-мазэм щрат пенсэр егъэфIэкIуэн зэрыхуейр иджыпсту псом я дежкIи зэрылъагъущ», - кыхигъащхьэхуКIащ Федченкэ Людмилэ.

ЗэIущIэм къыщыпсэльащ УФ-м и Пенсэ фондым и Iуэхущ1апIэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ Бэлэтокъуэ Владимир. Абы мыхьэнэ хэха зиIэ Iуэху зыбжанэ къыхигъэщхьэхукIащ. Къащтэмэ, абы къызэрилытэмкIэ, 2030 гъэм нэсыху УФ-м и пенсэ IэнатIэм зэман кIыхьым тещIыхьауэ зэрызнужьыну стратегиемрэ концепцэмрэ къызэращэнум кьикIыр-къым 2002 гъэм мы IэнатIэм щрагъэкIуэкIа реформэр сэбэп мыхьуауэ. Илъэсипщ1 япхI3 къащта унафэхэм хуабжьу зрагъэужьащ къэралым и щIыхэр зэрагъэпэщ щыкIэм и страховой

Iэмалхэм. «Стратегием зыкIи нэхъыкIэ ищIынукъым иджыпсту пенсэ зратхэмрэ дяпэкIэ пенсэ кIуэнуэхэмрэ я хьэкъкIэ къыIэрыхьэжыркъым. «Зыпэрыта IэнатIэр узынщагъэм эзран хуэхьуу е шынагъэу пыщIауэ зэрыщытам кьыхэжIыну нэхъ пасэу пенсэ кIуэхэм ират ахъшэр икьыкIэ мащIэщ. КъызэращIытамкIэ, апхуэдэ пенсэр IэнатIэхэм ику иту щат улахуэм и проценти 10-15 хьуу аращ. Дунейпсо мардэхэм кьызэрагъэувыдмкIэ, апхуэдэ пенсэр ику иту ят лэжьапIэм и процент 40 нэхърэ мынэхъ мащIэу щытын хуейщ», - кыхигъэщхьэхукIащ кьэпсалъэм. Министрым и кьуэдзэм жиIащ апхуэдэ гугъуехьыр кьызэранэжIын папщIэ IэнатIэхэм щат пенсэ взносым хэгъэхьуэн хуейуэ кьызэрилытэр.

Стратегиер кьаззрыщыхьум теухуауэ зэIущIэм кьыщыпсэльащ КъБР-м и Парламентым Лэжьыгъэмкl, социальнэ политикэмрэ зэзыщагъэр зыхьмныжкIэ и комитетым и унафэщI Жанатаев Салим, КъБР-м и Профсоюзхэм я федерацэм и унафэщI Амщокъуэ ФатIимэт, КъБР-м и Пенсионерхэм я союзым и правленэм и тхьмадэм и кьуэдзэ ЛIуп Владимир сымэ.

ЗэIущIэм къыщапсэльащ. «Абы кьыщыхьатхьа Iуэхуэмрэ япкъ иткIэ, кьащтащ 2030 гъэм нэсыху Урысей Федерацэм и пенсэ IэнатIэм зэрызнужьыну стратегиер зэхэзылъхьахэм яхуэгъэза чэнджещхэр.

ОЛЬМЕЗОВ Расул,
КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

● Къэрал Iуэху

Къумахуэ Мухьэдин и псалъэ.

Урысейм и тхьылъ тедзапIэхэм я зэгъэхьэныгъэм хэтхэм я зэIущIэ иджыблагъэ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал институтым щекIуэкIащ.

Тхылъеджэхэм я бжыгъэм хощI

ЩIыналъI 10-м кьикIыу Налшык кьалэ кьеблагъэхэм я Iуэхущ1апIэхэм кьыщыдагъэкI тхылъ гъэщIагъуэхэрэ кьызэдашат. Апхуэдэхэт «Периодика» (Карелия Республикэ), «Баско» (Свердловск), «Удмуртия» (Удмуртия Республикэ), «ИР» (Осетие Ищхьэрэ-Алания Республикэ), «Снег» (Ставрополь край), «Белый город» (Москва), нэгъуэщI тхылъ тедзапIэхэмэ я лэжьыгъэхэр.

Тхылъхэм я гъэлъэгъуэныгъэр кьызэIухуащ икIи иригъэкIуэкIащ КъБР-м Хьабаргъащ1э IэнатIэхэмкIэ и кьэралъ комитетым и унафэщI **Къумахуэ Мухьэдин.**

Журналистхэм я упщIэхэм жэуап щритым, Урысейм и тхылъ тедзапIэхэм я зэгъэхьэныгъэм и унафэщI Чеченкэ Константин кьыхигъэщащ тхылъхэр кьызэрыдгъэкIыпхьэм, ахэр къэралым и щIыналъэ псоми нэгъэсыным теухуауэ программэ щхьэхуэ зэхэлъхьэм зэрыхуейр.

- Ди жагъуэ зэрыхьущи, щIыхуэхэм тхылъхэр яIэрыбгъэхьэным Iуэхущхэу пыщIащ. Псалъэм папщIэ, Кавказ Ищхьэрэм кьыщыдэкIа тхылъхэр КъуэкIыпIэ Жыжьэм кьыщыбгъуэтыну тыншкьым, а щIыпIэм и тхылъхэр ди деж кьаШэну Iэмал ягъуэтыркъым. А Iуэхум нэхъ елIэлIэнур уней тхылъщ1апIэхэрат, ауэ, ди жагъуэ зэрыхьэнщи, абыхэм я бжыгъэм кIуэ пэтми хощI, а щIыэми я лэжьыгъэр нэхъыбэу зытращ1ыхьыр хэхъуэ яIэнырщ. Тхылъ кьыдэкIэм я флагъым утепсэльыхьэм, КъэбэрдейБалъкъэрым ейхэр кьыхэбгъэщ1ыхэухI хъунущ, ди зэгъэхьэныгъэм ильэс кьэс кьызэрифIэпэщ зэхьэзэхуэхэм кьызэрыхэжаныкIым тепщIыхьмэ, - жиIащ Урысейм и тхылъ тедзапIэхэм я зэгъэхьэныгъэм и унафэщIым.

АдэжI Чеченевым кьиригъэлъэгуэ бжыгъэхэм уамыгъэпIейтейуэ кьанэркъым. Абы зэрыжиIамкIэ, ди кьэралым щIпсэу щIыхуэхэм я процент 46-р тхылъ едэжхэхэрщ, адрейхэми тхылъхэм нэхърэ иджыгей хьыбарегъащIэ Iэмэпсымэхэр кьагъэсэбэпэ нэхъ яфIэкьабылщ. А псом кьыхэжIыну, тхылъ кьыдэгъэкIыныжмкIэ проектхэр кIуэ пэтми нэхъ мащIэ мэхъу, я бжыгъэми кIэроху.

Урысеймэ и тхылъ тедзапIэхэм я зэгъэхьэныгъэм и вице-президент **Филимонов Олег** диIыгъащ Чеченевым и пальэр, апхуэдэуи кьыхихгъэщащ тхылъ тедзапIэхэм я Iуэхур зэрыгугъур, итIани абы и лэжьакIуэхэр жэуапIныныгъэ пылъу я IэнатIэм пэрытын зэрыхуейр.

- Псоми дощIэ тхылъыр щIэныгъэм и хэкIыпIэу зэрыщытыр. Арами, иужьрей зэманым тхылъым хущIэ гулыгъэр мащIэ хъуащ. КьыхэзгъэщхьэхукIащ, абы и щхьэусыгъуэр щыкIуэхэр телевидиенэмрэ Интернетымрэ зэрыдахьэхарщ, - жиIащ **Уянаев Вазий.**

Къумахуэ Мухьэдин тепсэльыхьащ Налшык дэт тхылъ тедзапIэхэм.

- Мы зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым тхылъ кьыщыдагъэкIыну Iуэхущ1апIэ зыбжанэ щолажьэ. Апхуэдэщ 1928 гъэм кьызэIуаха «Эльбрус» тхылъ тедзапIэр. Абы лъандэрэ Iуэхущ1апIэм кьыдигъэкIар мелуан бжыгъэ мэхъу. Ди гуапэуи кьыхэдгъэщынщи, абы и лэжьыгъэр сыт щыгъуи зыхуей хуэзэуэ кьызэрегъэпэщ, урысейпсо зэхьэзэхуэхэм, Москва щекIуэкI тхылъ гъэлъэгъэныгъэхэм мыззмытIэу хэтащ. Абы и лэжьыгъэр 1978 гъэм фы дыдэу кьалъытауэ щытащ, РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Щхьэхъ тхылъ зыхуагъэфэщащхэм ящыщщ, - жиIащ Къумахуэм. - Мы махуэхэм ильэс 20 иригъуащ Котляровхэ Викторрэ Мариерэ тхылъ кьыдэгъэкIын зэрыщIадзэр. Абы хэм я тхылъхэр нэхъыбэу зытраухуэр Кавказым и тхыдэмрэ лъэпкъхэм я щэнхабзэмрэщ. Мы гъэм Котляровхэ Викторрэ Мариерэ я тхылъ тедзапIэм томищ хьу «Терские казаки», томитI хьу «В плену горцев» тхылъхэр кьыдигъэкIыну и мурадщ.

ЩIэныгъэ и лъэныкъуэкIэ лэжьыгъэ купщIафIэхэр ягъэхьэзыр Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал институтым. Абы гъэ кьэс щIэныгъэ лэжьыгъэу (монографиехэр, псалъалъэхэр, щIэныгъэ тхыгъэхэр, архив дэфтархэр, нэгъуэщIхэр) 30-м щIигъу кьыдегъэкI, ауэ Iэдакъэщ1экI инхэр дунейм кьытегъэхьа зэрыхъуным и Iуэхур нэхъ гугъуэ. Къумахуэ Мухьэдин зэрыжиIамкIэ, ильэс зыбжанэ хьуауэ институтым Iэрыгтхыу том зыбжанэ щ1эльэщ кьыдамыгъэкIыфу. Апхуэдэхэщ адыгэ Iуэрыйуатэм теухуар, иджыпей кьэрэшей-балъкъэрыбзэ грамматикэр, нэгъуэщIхэри. Тхылъ - едэжхэм, ахэр кьэзыщхьэхэм я бжыгъэм зэрыхэщIар кьэпельытэмэ, а лэжьыгъэхэм щIэх гульытэ зэрамыIэнэри кьыхигъэщащ КъБР-м Хьыбаргъащ1э IэнатIэхэмкIэ и кьэрал комитетым и унафэщIым.

ЗэIущIэм хэщIэхэр щытепсэльыхьащ я тхылъ тедзапIэхэр зыхуэдэхэмрэ зрихьэлIэ гугъуехьхэмрэ, хэкIыпIэу кьалытэхэри яубзыхуащ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● Зэпеуэ

Сабийхэр Саранск макIуэ

Прохладнэ районым зи узыншагъэм сэкъат пIэхэр щапI и школ-интернатым и гъэсэн щIыкIуэ 6 Саранск кIуэнущ, урысейпсо спартакиадэм хэтыну. Абы щыгъэпеуэнухэр зи тхьэкIумэм фIыуэ зэхимых ныбжьыщIэхэрщ.

ДИ ЛЪАХЭГЪУХЭР зэпеуэм кIуэныжмкIэ, хэтыныжмкIэ дэIэпыкъуэгъу хъуащ «Урысей зэкъуэт» республикэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэмрэ «Урысейпсо сабийр фондым» ди республикэм щIэ Iуэхущ1апIэмрэ.

Школ-интернатым и унафэщIым зэрыжиIамкIэ, абыхэм кьадэIэпыкъуэхэм я фIыгъэкIэ, ныбжьыщIэхэм Iэмал ягъуэтащ езыхэм хуэдэ щIыкIуэхэр зэрагъэцIыхуну.

Илъэс кьэс кьызэрагъэпэщ спартакиадэр жэпуэгъуэм и 8 - 12 махуэхэм екIуэкIынущ. Кьыхэгъэщ1ипхьэщ дыдейхэр а зэхьэзэхуэхэм мызэ-мытIэу зэрыкъэтар, езыхэм хуэдэхэм ефIэкIыну.

ЕхъулIэныгъэ куэд яIэу, уеблэмIэфхэр кьахьауэ ныбжьыщIэхэм ди гуапэщ.

ДЖЭДГАНЭ Татьянэ.

● ФокIадэм и 30-р Машинэухуэм и махуэщ

IэнатIэщIэхэр къызэIуах

Иужьрей илъэсхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым зэпIэзэрыту икIи жыджэру зэрызнужьым промышленнэ предприятэхэм я фIыщIэщхуэ хэльщ. Абыхэм я зэфIэкIым нэрылъагъуу хохьуэ.

Зы псалъэ тевмытгъэ си сыным.
Прещэж и гъуэгум гъэзгрыкIуэм,
ЖIлэу: «ХэсЛъагъуэркъым кьызэрымыкIуэ,
Псэуащ, лIжащ дэтхэнэ зыми хуэдэу,
ДымыщIэу и щхьэ, уеблэмэ, и льэпкъ дыди.
Дзыхь зыхуищIам абы и щхьэр
ТщибзыщIыну и кьалэнщ псэуху.
Ауэ щыхуб тхьэIухуудым и кьеIуэкIыкIам,
ЛЬыщIэж гъбжькIэ бийр зэраукIам
Теухуауэ фхуэсIуэта хьыбар нэщхьейрщ
Я щыхьэту кьытенар дунейм.

Зэзыдзэкlар УЭРЭЗЭЙ Афликщ.

МЫСЫРДЖЭН МуIэед:

● Ди псэлъэгъуэр

НыбжьыщIэхэм Iэмал етын хуейщ щIэныгъэ тэмэм зрагъэгъуэтыну

*Зыпэрыт Iэнатlэм кърит гухэхъуэмрэ дзрэжэгъуэмрэ IуэхугъуэщIэхэм трагъэгушхуэу, щхьэпагъ зыпылъ лэжьыгъэ нэхъыбэ зэрыпэфIихьым хущIэкъуэ мэпсэу егъэджакIуэ гумызагъэ, къэхутакIуэ емызэщ, ЮНЕСКО-м, Урыс географие зэгухэзнаныгъэм я действительнэ член Мысырджэн МуIэед. Сэрмакъ къуажэм дэт езанэ курыт школыр кынуха нужь, абы лэжьэн щыщIидзащ «Севкавэлектроприбор» Iуэхущlапlэм. 1970 гъэм дзэм къулыкъу щищIэну праджэрт, абы илъэситIкIэ щыIащ. Кынгъэзэжа нэужь Кавказ Ищхьэрэ Бгы лъагэ институтым Уэм пэщIэтыныгъкIэ и Iуэхущlапlэм щылэжащ. 1974 гъэм ар щIэтIысхьащ хамэ къэралыбзэхэр щаджу Пятигорск дэт педагогикэ институтым. Ар екъулIэныгъэкIэ кынухри, езыр зыщIэса курыт школым лэжьэн щыщIидзащ, иджыпсыбзэмрэ франджыбзэмрэ ирагъэджу. Абы лъандэрэ илъэс 33-рэ хъуащи, зэфIэкI лъагэхэр кынгъэльагъэуэ, екъулIэныгъэхэр иIэу ноби а еджапIэм щылIэщ Мысырджэныр.

- МуIэед, щыхъум и гъащIэ гъэгуанэр кьыззэрекIуэкIынур куэдкIэ елъытащ абы и къежьапIэм...

- Пэжщ, а гъэгуанэм и къежьапIэри сабиигъуэрщ. Си сабиигъуэ гукъэкIыжхэр нэхъыбэу зэпхар Балькъ псым и Iуфэрщ. Гуапэу куэдрэ си нэгу кьыщIохьэжа а зэманыр. Гуимыхуж лъэхъэнэщ ар. Сабий гупыр псы Iуфэм дыщызэхъуэсырти, демыззэщу дыджэгурт. Абы щыгъуэм дэ дызэрыджэгуу щыта ди лъэпкъ джэгукIэхэр нобэрей сабийхэм ящIэхъэжкым. Псом хуэмыдэу щIалэ щыкIухэм фIыуэ тлъагъурт арыхъ джэгукIэр. Нобэрей щIэблэр телевизорымрэ интернетымрэ къыбгъэдэкIыркым. АдэкIэ, школ илъэсхэр къапщтэмэ, фIыкIэ сигу кьинэжащ ди егъэджакIуэхэр. ЩIэныгъэм и мыхьэнэр, ар гъащIэ гъэмылэ нэхъыщхьэу зэрыщыстыр зыхыдагъэщIэфащ абыхэм, нобэ си лэжьыгъэми куэдрэ кьыщыстхуощхьэпэ абыхэм я щапхъэр. Армэм щызгъэкIуа илъэсхэми мыхьэнэшхуэ яIэт си зэхэщIыкIым, къэухым заужьынымкIэ. Пэжщ, егъэджакIуэ лэжьигъэм сыпэрыувэн и пэ, сэ си мурадащ си щIэныгъэм МГИМО-м щыпысщэну, сыкуейт журналист Iэщlагъэр зэзгъэгъуэтыну. Арщхьэкlэ кьызэхъулIакьым. Сызыхуеину тхылъхэр псори згъэхьэзырат, партым и кьудамэу Дзэлыкъуэ районым щыIэм и япэ секретарым кьызитыну тхылъым фIэкIа мыхъуну. Iуэхур абы и деж щынэсыми: «Сэ уэ усцIыхуркъым, уи Iуэхущlафэ, уи дуней тетыкIэ зыхуэдэм сыщыгъуазэкьым», - жиIэри а тхылъыр кьызитауэ щытакъым. Мис ар IеинуэсигУ кьеуэу кьызззхъулIакъым. ИтIанэ сэ сыщеджа курыт школым сыдэущ, нобэр кьызыдэсми абы сыщолажьэ.

- Хамэ къэралыбзэхэр бджыным дауэ удихьэха хьуат?

- Ар си фIыщIэр хамэ къэралыбзэхэр дзэыгъэджа Руденко Николайщ. Абы пасэу гу льитат бзэхэр зэгъэщIынымкIэ зэфIэкI щхьэхуэ зэмрыбгъэдэлъым. «Иджыпсту уиIэ Iэмалыр кьыумыгъэсэбэпу зыIэщIэбгъэкIмэ, куэд пфIэкIуэдынущ, Тхьэр кьызэрыпхуэупса зэчиим адэжи зегъэзэхъуэ», - жиIэурэ псэхугъуэ кьызитакъым. АпхуэдэущIэблэр телевизорымрэ интернетымрэ кьыбгъэдэкIыркым. Адэкlэ, школ илъэсхэр кьапщтэмэ, фIыкIэ сигу кьинэжащ ди егъэджакIуэхэр. ЩIэныгъэм и мыхьэнэр, ар гъащIэ гъэмылэ нэхъыщхьэу зэрыщыстыр зыхыдагъэщIэфащ абыхэм, нобэ си лэжьыгъэми куэдрэ кьыщыстхуощхьэпэ абыхэм я щапхъэр. Армэм щызгъэкIуа илъэсхэми мыхьэнэшхуэ яIэт си зэхэщIыкIым, къэухым заужьынымкIэ. Пэжщ, егъэджакIуэ лэжьигъэм сыпэрыувэн и пэ, сэ си мурадащ си щIэныгъэм МГИМО-м щыпысщэну, сыкуейт журналист Iэщlагъэр зэзгъэгъуэтыну. Арщхьэкlэ кьызэхъулIакъым. Сызызхуенну тхылъхэр псори згъэхьэзырат, партым и кьудамэу Дзэлыкъуэ районым щыIэм и япэ секретарым кьызитыну тхылъым фIэкIа мыхъуну. Iуэхур абы и деж щынэсыми: «Сэ уэ усцIыхуркъым, уи Iуэхущlафэ, уи дуней тетыкIэ зыхуэдэм сыщыгъуазэкьым», - жиIэри а тхылъыр кьызитауэ щытакъым. Мис ар Iеинуэ

И гъэсэнхэм я гъусэу. *1980 - 1981 гъэ еджэгъуэ*

щахъуэмэ, абыхэм щакIэлъыплъ заповедник. Джеральд иригъэкIуэкI лэжьыгъэм фIыуэ сыщыгъуэзэт, сыдихьэхти абы ещхьу Iуэху гуэр мыбдеж щызгъубзэм, щIыуэпсым сэбэпынагъ кьыхэсхьыну кьыщцыхьурт. Клубым фIэтщащ ди щIыуэпсыр зыгъэдахэу щыта, щIыхуэм я зэранкIэ кIуэдыжа додо кьуалэбзум и цIэр. А бзур адыгэ лъэпкъхэм я вагъуэ 12-р зыщIэхьщIу Iуащхьэмахуэ и лъапIэм деж щысу сурэт едгъэщIри, ар клубым и дамыгъэу дгъэуважащ.

Зэгухэзнаныгъэм и кьалэн нэхъыщхьэм и гугъу пщIымэ - ар дыкъэзыхуурениХ дуней, щIыуэпсыр хьумэнырщ, абы и кьабзагъэм кIэлыплъныныр, зэрыхьуакIэ, ар егъэфIэкIуэныр, ди щIыпIэм экологие кьэхутэныгъэхэр щагъэзэкIуэкIынырщ.

Ди кьуажэм дэт курыт школищым я еджакIуэ щыкIуэхэрщ клубым хэтыр. Иджыпсту абы кьэокIуалIэ сабий 200-м нэблагъэ. ИкьуакIэ гуапэ сщохьу клубым и лэжьыгъэм щэблэм гукъыдэж хуаIэу зэрыщыстыр, кьетхьэжьэ сыт хуэдэ Iуэхурэ жыджэру зэрыхъэфIахыр. Апхуэдэ экологие гъэсэныгъэм мыхьэнэшхуэ иIэщ нюбжьыщIэхэм я дежкIэ - ахэр кьоохьу кьэзыухъурехьэ дунейм хуэсакьыу, абы пщIэ хуащIу. Клубым хэтхэм Балькъ псым и Iэгъуэблагъэм кьэхутэныгъэ, зекIуэ зэхуэмыдэ куэд щрагъэкIуэкI. Апхуэдэу илъэс 20 и пэкIэ кIуэдыжауэ кьалыгъэ, Джэнал блым и щыгум кьыщыкI тюльпаным и хэщIапIэщIэ къэтхутащ, «Хэкужьым и удэ хущхъуэкIэ» еджэу уIэгъэр, мафIэсыгъэхэр зэрагъэхьуж удэ лъэпкъыгъуэ гуэри къэдгъуэтыжащ, Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэ лъандэрэ кьэсмыуауэ Вуэрыкьуэу псыпIэм кьыхэна лагъым дыIуауэ щытащ. Джэнал бгы лъапэм кьыщыщIэж къуэпсэпс цIыкIуитIри - «Додо», «Пащтыхьыпхъу Дианэ» зыфIэтщащэр - дэращ къэзыхутар. Куэд мэхъу ди кьэхутэныгъэхэр. Илъэс кьэс дэ дыкIэльпофIь кьуалэбзухэр щыпIэ хуабэм зэрыльэтэжьыгъэ. Ди клубым иIащ «Шагъдий» ныбжьыщIэхэр, псэущхьэхэр щыкIуэ, дыгъэм и кьеспсыкIэм, зэман зэхъэмыдэхэм дунейр пшагъуэ зэрыхъум, псы екэжхэм ягъуэт зэхъуэкIыныгъэхэм, нэгъуэщI куэдми. Апхуэдэ щыкIэкIэ нюбжьыщIэхэр щыуэпсым нэхъ пэгъунэгъу мэхъу, абыхэм кьагуроIуэ дыкъэзыхъуэрениХ дунейр дыдаблэу зеезэным иIэ мыхьэнэр. Ныбжьыщ1эхэм щIэх-щIэхьуурэ Балькъ псыхъуэр ягъэкъабзэ. Абы кьицынэмыщIауэ, иджыблагъэ Дыдэмыш хэ псыкъелъэм дыщыIати, абы и хьуреягъри дгъэкъэбзащ.

- Даррелл Джеральд уэрэ дауэ фIыгъэрыщIыхуэ хьуат?

- Абы и Iэдакъэщ1экI «Земля шорохов» тхылъыр кьыслIэрыпхьэри седжащ зэгуэрым. Абы гъэщIегъэуну кьыщыгъэлъэгъуэжащ Джеральд и сабиигъуэм кьыщыщIэдзауэ кьынIуа гъуэгуанэр, зыхэта экспедициэхэр, зэдащIыа щIыпIэхэм щилъэгъуахэр, абыхэм ятеухуа и Iуэху еплыкIкIэр. Тхылъым апхуэдизкIэ сыдихьэхати, жей симыIуэ зекIуэщIэздыкIащ. ИтIанэ абы и хущIапIэр зэзгъащIэри, письмо хуэстхауэ щытащ, куэд дэмыкIыуи и жэуап кьыслIэрыхьэжащ. ИужькIэ, зэман гуэр дэкIыжауэ, 1987 гъэм Москва сыкIуаеу си нюбжьыгъэлI цIэрыIуэ, «Псэущхьэхэм я дунейм» тепсэлъыхьыр езыгъэжьыкIэ Дродов Николай и деж сыщыхуэзаеу щытащ Даррелл Джеральд. Мис абы щыгъуэ нэхъ гуэнэгъуэ дыззэрыщыкIуэ, лэжьыгъэкIэ дызэпыщIауэ, зым и Iуэху зыIутым адрейр дыщыгъуаззэу дыкъокIуэкI.

- Уи экологие зэгухьэныгъэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр гурыIуэгъуэщ. Фызэрыгушхуэ сыт хуэдэ екъулIэныгъэхэр фиIэ?

- Клубым хэт нюбжьыщIэхэм жыджэру я зэфIэкI щагъэльагъуэ экологие зэхьэзэхуэхэм, гъэльэгъуэныгъэхэм икIи абыхэм сытым дежи бжьыпэр щаубыдащ. КьыжьыIэпхъэщ ди гъэсэнхэр урысей зэпеуэхэм я лауреат мызэ-мытIуэ зэрыхъуэр.

1997 гъэм клубыр хагъэхащ ЮНЕСКО-м и кьудамэхэм ящыщу «Пленатарное общество» жыхуаIэм, Италием и кьалащхьэ Рим и экологие зэщIэхъеныгъэм хэтщ. 2009 гъэм ар Урысей географие зэгухьэныгъэм и член хьуащ. Ди клубым пщIэныгъэхэр яхуиIэщ УФ-ми хамэ къэралхэми щылажьэ езым хуэдэ зэгухьэныгъэхэм. Абыхэм псоми интернеткIэ запыдощIэ, дэ езым сайт щхьэхуэ диIэщ. Зэгухьэныгъэм хэт щыкIуэр мызэ-мытIуэ ирагъэблэгъащ США-м, Индиялъэм щыIащ, Франджым, Италием щыIэ мыпхуэдэ клубхэм. Апхуэдэу илъэс зыбжанэ и пэкIэ Италием и «Сельвия-де-Пинии» дунейпсо сабий уэрышагъэ центрым щылажьащ. Ди клубым иIащ «Шагъдий» ныбжьыщIэхэр, ди спорт кьудамэ. Абы кьеьIуалIэхэм ящыщ щIалитху Франджым щыIащ, шы кьэгъэжьныкIэ дунейпсо зэхьэзэхуэм я зэфIэкI щагъэльагъуэ. Зэкlэльхьэжьу илъэс зыбжанэкIэ Франджым щекIуэжа а дунейпсо зэхьэзэхуэм грагъэблагъэри сыхэтащ (США-м, УФ-м и командэ кьыхэхэм тэрмэщу срагъуэсу.

- МуIэед, нэгъуэщI сыт хуэдэ къэралхэм ушыIаикIи абыхэм ящыщу дэтхэнэр нэхъ гукъинэж пщыхьыр?

- Къэрал 15-м сыщыIащ, Германиемрэ Франджымрэ мызэ-мытIуэ тезгъэзэжащ. Псом нэхърэ нэхъ сигу кьыдыхьэр Франджы къэралыгъэрэщ. Ар Европэм и къэралнэхъ ин дыдэщ. Абы тхьидэ, щэнхабзэ кьулей иIэщ, абыхэм нэхъ гъунэгъуэ зыщыщIегъэгъуэзэ иужькIэ, удимыльэхьикIэ Iэмал иIэкъым. Я щIыхуэхэм гъэсэныгъэ куу яхэлъщ, гуапэхэщ. А къэралым и хэгъуэгуэхэм ящыщу кьыхэзгъэщыну сыхуейт Нормандиер. Абы тельыджэ куэд щыбольагъу. Удэ щыугъэ кьыщыкIыу дуней псом щыIэр я зы щыпIэращ. Губгъуэм кьытелъадэ псы щыугъэм удэзыр ирихьауэу ещI. Ар зыщхъ Iэщхъм я лыр щыуп хуэмеПуэ, щыугъкIэ ирикъуауэ щытщ.

- Ильэс 33-рэ хьуауэ уэ сабийхэм уадолажьэ. Уи нэгу щIэкIащ лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм кьэхьуа щыкIухэм я зыужьыкIэр, щэч хэмылъуи, фIы дыдэу ущыгъуаззщ абыхэм я дуней еплыкIэр зыхуэдэм. НэхъапэкIэ уэрыдгъэжьаахэм е бгъапщэмэ, уэ уэрепльэмкIэ, сыт хуэдэ нюбжьей щIэблэр?

- Нобэрей щIалэгъуалэм я хьэл-щэнкIи, я гупсысжкIи, дуней еплыкIкIэри кьызэрымыкIуэу захъуэжащ. Нобэрей щIэблэр тэмакъкIэщIэщ, гуи псэи якIуэщIыкъым жыхуаIэхэм хуэдэщ. Куэдым ящIэркъым гугъуехьыр зищIысыр, псори яхъэнру кьыбгъэдэльхьэн хуейуэ кьащцохъу. Пэжщ, ар кьыщежьэр адэанэм я дежщ. Нэхъыбэм я быныр ягъафIэуэр щагъэнэI, лэжьыгъэр щхьэщхьыуэ, Iуэху щIэным пыIуагъэкIуэт. Пэжыр жыпIэмэ, ди щIалэгъуалэр зэчиифIэщ. А зэчиим зегъэужьынымкIэ, нэгъэущI Iуэху щхьэпэхэм дегъэжьхьынымкIэ гупыгъэ нэхьыбэ яхуэтщIын хуейуэ аращ. Кьуажэхэм щIалэгъуалэм зыщагужьыну Iэмалу щыIэр мащIэщ, абы кьыхэкIыу ахэр зыгуэлненым дехьэх. Ди кьуажэр кьэсщтэнщи, бэнакIуэхэм папщIэ зы сурэт секIэ закьуэ щыIэу аращ. Ари абы гъэсакIуэу щыIу щIалэхэм я кьаркIэ кьыхэзгъэзэпэщыкIуэ.

- МуIэед, уи зыгъэпсэхугъуэ зэманыр дауэ бгъакIуэрэ, сыт хуэдэ лэжьыгъэ гукъыдэж кьозыту пщIэр?

- Сэ жыг хадэ хьарзынэ сиIэщ, мыIорысей, кьэужьей иту. СфIэфI дыдэщ а хадэм силжэкьыху ситыну, мис абы гукъыдэжкьыхуэ кьыхьэхох. Зэгуэр си адэшхуэм хьэкьащ

МуIэед Латвием дзэм кьулыкъу щецIэ. *1970 гъэ*



Ирландием кьикIа ныбжьэгъуэр Налшык щегъэхьащIэ. *1990 гъэ*

дыхьэр Франджы къэралыгъэрэ, Ар Европэм и къэралнэхъ ин дыдэщ. Абы тхьидэ, щэнхабзэ кьулей иIэщ, абыхэм нэхъ гъунэгъуэ зыщыщIегъэгъуэзэ иужькIэ, удимыльэхьикIэ Iэмал иIэкъым. Я щIыхуэхэм гъэсэныгъэ куу яхэлъщ, гуапэхэщ. А къэралым и хэгъуэгуэхэм ящыщу кьыхэзгъэщыну сыхуейт Нормандиер. Абы тельыджэ куэд щыбольагъу. Удэ щыугъэ кьыщыкIыу дуней псом щыIэр я зы щыпIэращ. Губгъуэм кьытелъадэ псы щыугъэм удэзыр ирихьауэу ещI. Ар зыщхъ Iэщхъм я лыр щыуп хуэмеПуэ, щыугъкIэ ирикъуауэ щытщ.

- Ильэс 33-рэ хьуауэ уэ сабийхэм уадолажьэ. Уи нэгу щIэкIащ лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм кьэхьуа щыкIухэм я зыужьыкIэр, щэч хэмылъуи, фIы дыдэу ущыгъуаззщ абыхэм я дуней еплыкIэр зыхуэдэм. НэхъапэкIэ уэрыдгъэжьаахэм е бгъапщэмэ, уэ уэрепльэмкIэ, сыт хуэдэ нюбжьей щIэблэр?

- Си мурадщ инджылызыбзэмрэ франджыбзэмрэ щезгъэдж класс щхьэхуэхэр ди еджапIэм кьыщызэгъэпэщыну. Нэхъ зытегъэщIауэ щытынур франджыбзэрагъэжщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Франджым я бзэр зыджхэм мылькукIэ защIегъакъуэ, мис абыхэми запытщIу Iуэхур зэтедублэну ди гугъэщ. Тхьэм жиIэмэ, жпуэтгъэ мазэм кьызэдгъэпэщынущ апхуэдэ зы класс. Школ программэм хьыхьэм кьыщынэмыщIауэ, абы кьакIуэ сабийхэм тхьэмахуэм сыхьэтплIкIэ садгъэжьэнущ. Апхуэдэ классым и кьызэгъэпэщыныр иредгъэхьэлIащ Пятигорск дэт къэрал бзэщIэныгъэ университетыр кьызэрызэIуахэрэ илъэс 50 зэрырикъу щагъэльагъэ. Университетым и унафэщIэм сыкьагъэгугъащ си гъэсэнхэм ящыщ цIыхуи 10 зэрыщIэтIысхьэ зэпеуэм хэмыту я еджапIэм кьащтэну. Кьетхьэжьэ Iуэхур дежьэ папщIэ, псом япэрауэ, зыхуей-зыхуэныкьуэкIэ кьызэгъэпэща класс диIэн хуейщ. Езанэ курыт школым и унафэщI Тэгрокъуэ Льосэ-зыбий пэщ щхьэхуэ тхъихкащ, Iуэху щхьэпэр кьыддеIыгъ икIи мылькукIэ зыкьыгтщIегъакъуэ Кьэбэрдей-Балькъэр къэралым кьыщыкIуэ ди академием и ректор Жэрыкьуэ Борис.

Ныбжьыщ1эхэм Iэмал етын уейщ щIэныгъэ тэмэм зрагъэгъуэтыну, сыту жыпIэмэ абыхэм я зэфIэкIым кьэдкIэ ельытащ ди кьэкIуэнур зыхуэдэр. *Епсэльар*

ШХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

● Жэпуэгъуэм и 1-р Дохутырхэм я дунейпсо махуэщ

ЛIэщIыгъуэ ныкъуэ хъуауэ щIыхухэм яхуолажьэ

Къэрэщей Хьэмыщэ ди республикэм и мызакъуэу, нэгъуэщI хэгъуэгуэхэми зи щIэр фIыкIэ щыIуа дохутыр Iэзэщ. Абы и щIыхьэтщ щIыхухэм кьыхужаIэ фIыщIэ псалъэхэр. Гу хьэлэл зиIэ, и псэ хуабагъэмкIэ куэдым адэгушэф дохутырущ ар къыьэрадзыкъ. Илъэс бжыгъэ куэд хьауэ ар нобэм дыщыхьэ щыныгъуэм, ар зэпкърыт сымаджэр абы кьегъэлIыным и кьару псори ирихьэлIэу.

КЪЭРЭЩIЭ Хьэмыщэ Тэрч районым хьхьэ Акъбащ Ипщэ кьуажэм кьыщацIыхуащ. Курыт школ кьинухри, ар Налшык дэт медицинэ училищэм щIэтIысхьащ. 1962 гъэм дзэм ираджэри, абы фельдшеру кьулыкъу щищIащ. Армэ нэужькIи 1964 гъэм и дыгъэгъазэ мазэм щегъэжьауэ 1965 гъэм и щыщхьэIу пщIондэ, Хьэмыщэ Курп Ипщэ дэта фельдшеракушер пунктым и унафэщIу лэжьащ. Адэкlэ и щIэныгъэм хигъэхъуэну мурад ищIри, Ростов къэрал медицинэ институтым щIэтIысхьауэ щытащ. Ар кьнуха нэужь, зэман гуэркIэ педиатру лэжьауэ, 1972 гъэм Налшык дэт кьаIэ езанэ сабий поликлиникэм хирургыгу ягъэкIуащ.

1978 - 1996 гъэхэм Хьэмыщэ онкологыгу щыIэжьащ республикэ онкологие диспансерым. А лъэхъэнэм абы лэжьыгъэ кушIыдфIэ зэфIихащ: Кавказ Ищхьэрэм щыпхъэхьыфI щыIэу ящыщу абы кьызэIуихауэ щытащ сабий онкологие Iуэхущlапlэ.

1996 гъэм Къэрэщей Хьэмыщэ республикэ онкологие диспансерым и поликлиникэ кьудамэм и унафэщIу ягъэуващ икIи нобэр кьызэдсым щIыхьэ щIыхьэ ягъэ и Iэнатlэр ирехьэкI.

Узыншагъэр хьумэн Iэнатlэм и кьызэгъэпэщакIуэ нэс Къэрэщейр республикэм и онкологие Iуэхущlапlэр зэфIэувэным, абы зегъэужьыным жыджэру хэтащ, диспансерым и мыльку-техникэ гъэбжьдэным сытым дежи гулыитэ хуещI. Абы и жэрдэмкIэ диспансерым кьыщызэIуахащ кьудамэ щхьэхуэхэр, абыхэм я фIыгъэкIэ республикэм и щIыхухэм онкологие и лъэныкъуэкIэ ягъуэт дэпылкъуныгъэр куэдкIэ ефIэкIуащ. Хьэмыщэ медицинэм щIэуэ кьыхьыхьэ псоми я телъхьэщ, абы кьыхэкIыуи иджыпсрей Iэмалхэр онкологием екъулIэныгъэ яIэу кьыщыгъэсэбэпынымкIи лэжьыгъэщхъэ иregъэкIуэкI.

Щыхуэ гуапэу, Iэзагъыщхуэ хэпъу, жэуаплыныгъэр нэсу зыхиищIэу, гъэжьакIуэ емызэщу зэрыщытым кьыхухьащ абы иIэ пщIэ лъагэмрэ Iуныджымрэ. Дохутыр Iэкlуэльакlуэм, щIыхьу зэпIэзэрытым сытым дежи хуэфIокI сымаджэм гугъэ иритыжу, и псэр ильэтынщыжьын.

- Дохутырыр зи къэухым куэд кьызэщIнубыдэ IэщlагъэлIу, гу пщIанэ зиIэ щIыхуу щытын хуейщ. Ар и псэм щIыщ Iыхьэжь и нэIэм щIэтхэм ядэгъэшапхъэщ икIи зи узыншагъэр зэфIэувэжхэм ядгъуфIэфын хуейщ, - жеIэ Хьэмыщэ. - Сэ си лъэхъэнэм кьыздекIуэжкIэ жыджэру ипэкIэ кIуатэ щIыхуэт, лэжьакIуэщхуэхэт, зыпэрыт Iэнатlэм теухуауэ нэхъыбэ кьызэращIэным хущIэкъуу апхуэдэхэт. Дэ дызыщыстхьжьыртэжьым, абы щхьэкIи гъащIэр фIыгъуэ гуэркIэ кьытхуэупсэнуи дыщыгугъыртэжьым, атIэ а фIыгъуэр дэ кьызэрыпткърыкIыным яужь дитт. Иджыпсту зэманыр нэгъуэщIщ. ЗэхъуэжкIыныгъэщхуэхэм я лIэщIыгъуэщ, компьютерым, Интернетым я лъэхъэнэщ...

Клиникащэ нэхъыщхьэ зиIэ дохутыр-онколог Къэрэщей Хьэмыщэ и псэмыблэж лэжьыгъэм, узыншагъэр хьумэн Iэнатlэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ мызэ-мытIуэ ягъэлъэпIащ, ЩIыхь тхылъ зэхуэмыдэхэр кьыхуагъэфэщащ. Абы кьыфIаща щIэ лъапIэхэр, зэрагъэпэжа дамыгъэхэр кьеДжэкIкIи, и лэжьыгъэр зэрекIуэкIым и лъхьэ зеххэхуэу дытеГэлъхькIи, а нэсу кьытхуэгъэльэгъуэнукъым а щIыху тельыджэм и дунейр зыхуэдэмрэ и псэкупсэ кьулеягъымрэ. Нэхъыщхьэращ, ар щIыхугъэ лъагэ зыхъэть, сымаджэм зэрыдгъэпэныкъуным, ар кьызэрэзыгъэфIэнущым зэрыхуэзгъэкIкIэ хущIэкъу дохутыру щIыхьэ. Абы и псалъэ гуапэм, и пльэкIэм сымаджэм и щытыкIэм зыкьыдигъазэу апхуэдэщ.

Къэрэщейр зи Iуэху еплыкIэ гъащIэм щызыIэж, дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэм хуэзфIэкIкIэ зыщIэзыгъакъуэу щIыху тельыджэу зэрыщытым сэ фIы дыдэу сыщыгъуаззщ. КьБР-м и Парламентым и 1 - 3-нэ хэхьгъуэхэм я депутату сыщыщытта лъэхъэнэхэм сэ мызэ-мытIуэ згъэунэхуащ абы и щIыху щIыкIэр зыхуэдэр. Хэкажьуэхэм я щIыкIэ Iуэхуэкъ сыт хуэдизрэ зыхуэзгъэзэн хуей мыхъуами, ахэр зыгуэркIэ кьыщигъэщIэхъуэ кьэхъуакъым, узыфэр зыхуэдэр зэхэгъэкIыныжкIи ар гъэхъуэныжкIи дэIэпыкъуэгъу яхуэхъуащ. Ар зэIэза дгъэхэзэн и деж абы и фIыщIэр щыкIуэдакъым, гуапэу куэдрэ ягу кьагъэкIыж.

«Цыхум и гъащIэм щынэхьыщхьэ дыдэр абы и щIэблэрщ», - жеIэ Хьэмыщэ. И щхьэгъуэ Iолэрэ (ар медсестрауэ лэжьащ, куэд щIакъым пенсэ зэрыкIуэрэ) езымрэ хабзэм, нэмысым щIапIыкIа пхъэнтIрэ зы кьуэрэ гъащIэм гъэбыдэкIэ хагъэуващ. Ларисэ дохутырщ, Марьянэ бухгалтерэкономистщ, Залым Бизнесымкlэ Кьэбэрдей-Балькъэр институтыр мы гъэм кьнухащ. Къэрэщейхэ я унагъуэм я насыпыр щыз ящI я бынхэм я щIэблэм, абыхэм я дэтхэнэ зы екъулIэныгъэрэ адэшхуэ-зэшхуэм я дежкIэ гуфIэгъуэщхуэщ, а цыкIуэм я Iуэхуэр дэгъэкIыныр япэ ирагъэщ.

Гуапэу иту кьеГъэкIыж Хьэмыщэ и адэ-анэр, абыхэм я фэеплъ нэхур и гум щехуфмэ. «Уи адэ-анэр псэуху, сыт хуэдэ зэманми узэкIуэIэжьын жьагъу пащхьэ уиIащ, - жеIэ абы. - Унагъуэрщ, еджапIэщ гуапагъэм, пагъэныгъэм, хэкупсэу ущытыным и япэ дерсхэр кьыщIэтыгъэр, ахэращ мы дуней тетыдэжьм и бжэ куэдыр зэIутхьныжкIэ дэIэпыкъуэгъу нэс тхуэхъуар, гъэжьагъэм дышымыщтэу дезыгъэсэр. Гугъу ехьу дапIащ ди адэ-анэм, дызыхуей дыхуагъэзэн папщIэ езэш ямыщIэу ахэр гъэжьащ...»

Къэрэщей Хьэмыщэ и ныбжьыр илъэс 70 ирикъуащ иджыблагъэ. Къащтэмэ, ар акъыльфIагъэм и ныбжьщ, щIыхуэм и бгъэкIахэр кьыщищIыгъэ. Зы лъэхъэнэщ. Илъэс 50-м щIигъуэуэ узыншагъэр хьумэн Iэнатlэм пэрыт Хьэмыщэ щъащIэ и пIалъэ фIыуэ кьыщIащ икIи ноби жьыджэру кьаIэн нэхъ гугъу дыдэхэри эзфIехьыф. Ар зэрыплъэжьа зэманым кьрикуфыдэу сымаджэ миныкъ щIигъу операцие ищIащ, иджыри а Iуэхум хъарзынэу ихъуIэ. И кьарур кIуэщIакъым Къэрэщейм, ар куэдым щапхъэ яхуохъу, абы и чэнджэщхэм дохутырхэри сымаджэхэри хэзныкъуэщ.

УнафэщI Iуныгъэгъэм, дохутыр Iэзэщ, Къэрэщей Хьэмыщэ зиIэ щыхьэ зэрыгъэгъуэгъэр иIэу, узыншагъэм щымыщIэу адэкIэ гъащIэ гъэзгуанэ кIыхь ТхьэмыкIуэзэпищэну къэухъу.

ДАДЭ Суфэдин.

ПсапащIэхэм къахохъуэ

● Узыншагъэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым махуищкIэ щекIуэкIащ лъы зэхуэхьэсыным теухуа республикэ псапащIэ Iуэху.

ДОНОР ныбжьыщIэм и махуэу фокIадэм и ещанэ махуэкум ягъэлъапIэм щыIэ Iуэхуэр щаублащ Шэрэдж куейм. Къэщкъэтау жьилэм и дыхьэнIэм деж щыта лъы щыхаш ягъэIэпхъуэ станцым къекIуэлIащ куейм и цIыху 70-м нэблагъэ. Апхуэдэу Налшык дэт лъы щыхаш республикэ станцым а махуэм щыIащ цIыхуи 100. Бахъсэн кьалэ щагъэуува лъы щыхаш ягъэIэпхъуэ станцым ящIэлIэгъуэ щыIащ щалэрэгъуалэрщ, псапащIэ Iуэхум хэтащ ныбжьыщIэ 35-рэ. Псори зэхэту а махуэхэм лъы ятащ цIыху 207-м.

КъБР-м узыншагъэр хьумэныкIэ и министрыи и къуэдзэ Iуэмэт Муратрэ «М-Драйв» жылагъуэ зэгуэхьныгъэм и унафэщI, республикэм и донор зэщIэхъеныгъэм и пашэ Байсиев Темыржанрэ иужькIэ щызэхуэзам, апхуэдэ Iуэху щхьэпэм зегъэужьыныкIэ щыIэ хэкIыпIэхэм, министерствэр абыкIэ дэIэпыкъуэгъу зэрыхъуфыну щIыкIэхэм тепсэлъыхьащ. КъБР-м Узыншагъэр хьумэныкIэ и министерствэмрэ «М-Драйв» жылагъуэ зэгухьэныгъэмрэ зэрыщэдэлэжьэнуэ гъэгурыIуэныгъэм мыгувэу Iэ щIадзынущ. КъыздрихауэщыIа жыг ныбжьыщIэ ирикъуауэ щыта жыг дымыгъэкIуэдыкъауэ ди хадэм итащ. ГъэщIэгъэныракъэ, а жыгхэр хущхъуэ хуэныкъуэжьым, абыхэм кьыпыкI пхъэщхьэмыщхьэм хьэпIащIуэхуэ зэи кьахэжьыркъым. Апхуэдэ жыг лIэужьыныгъэхэм Нормандием сыщрихьэлIауэ щытащ.

Сурэт щыным сыдехьэх, хамэ къэралхэм зыплъыхьыкIуэ сыкIуэну сфIэфщ, ауэ кьапщтэмэ, си зыгъэпсэхугъуэ зэманыр тхьыль седжэу, макъамэ седлуэу согъакIуэ. Псоми гъэщIэгъэн ящхьэу телевизор сызэремыплъыр, уеблэмэ ар си унэ щIэтыхьжьыкым, дунейм щекIуэжкIыхьарэм щыгъуаззэ захуэощ интернетымкIэ.

- Адэжь сыт хуэдэ мурадхэр уиIэ?

- Си мурадщ инджылызыбзэмрэ франджыбзэмрэ щезгъэдж класс щхьэхуэхэр ди еджапIэм кьыщызэгъэпэщыну. Нэхъ зытегъэщIауэ щытынур франджыбзэрагъэжщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Франджым я бзэр зыджхэм мылькукIэ защIегъакъуэ, мис абыхэми запытщIу Iуэхур зэтедублэну ди гугъэщ. Тхьэм жиIэмэ, жпуэтгъэ мазэм кьызэдгъэпэщынущ апхуэдэ зы класс. Школ программэм хьыхьэм кьыщынэмыщIауэ, абы кьакIуэ сабийхэм тхьэмахуэм сыхьэтплIкIэ садгъэжьэнущ. Апхуэдэ классым и кьызэгъэпэщныр иредгъэхьэлIащ Пятигорск дэт къэрал бзэщIэныгъэ университетыр кьызэрызэIуахэрэ илъэс 50 зэрырикъу щагъэльагъэ. Университетым и унафэщIэм сыкьагъэгугъащ си гъэсэнхэм ящыщ цIыхуи 10 зэрыщIэтIысхьэ зэпеуэм хэмыту я еджапIэм кьащтэну. Кьетхьэжьэ Iуэхур дежьэ папщIэ, псом япэрауэ, зыхуей-зыхуэныкьуэкIэ кьызэгъэпэща класс диIэн хуейщ. Езанэ курыт школым и унафэщI Тэгрокъуэ Льосэ-зыбий пэщ щхьэхуэ тхъихкащ, Iуэху щхьэпэр кьыддеIыгъ икIи мылькукIэ зыкьыгтщIегъакъуэ Кьэбэрдей-Балькъэр къэралым кьыщыкIуэ ди академием и ректор Жэрыкьуэ Борис.

Ныбжьыщ1эхэм Iэмал етын уейщ щIэныгъэ тэмэм зрагъэгъуэтыну, сыту жыпIэмэ абыхэм я зэфIэкIым кьэдкIэ ельытащ ди кьэкIуэнур зыхуэдэр. *Епсэльар*

ШХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

Фигу къэдгъэкIыжьынщи, Донор ныбжьыщIэм и махуэр 2011 гъэм ягъэуващ, «М-Драйв» Къэбэрдей-Балькъэр жылагъуэ з

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм
Малъхъэдис

● Прозэу тха усэ

Схуэхъумэ...

СЫПХУОПСЭУ, сыбдопсэу, уэ сыбогъэпсэу. Кьару гуэр сэ кьысщIэроIэ, сеутхыпщI, кIыфIэщIмэ сыщыкуэу, кьыслхуимыдэ лей кIэкIамэ сигу, кIызоупщI, кIызочэнджэщ, гъуэгуу кьыспэщылъыр нэхуу нэгум кьышIелъэуз а кьаруи. Кьызбгъэдэтщ, ар кьыслщхъэщытщ, сигу хэщIамэ, схуогумашIэ, сынэщхъеймэ, щэху зэпытщ, сыхуеI хьумэ, лъэрытетщ. Сытым щыгъуи си Iэпэгъуц сэ зы кьару гуэр, ар абрагъуэщ, ар кьиннщ, кьытехьамэ сегъэхьыщIэ, сыкъигъэгъзавэмэ, гъэсэныгъэм и чысэм ар изоубыдэж. ЗыхэзощIэ сэ кьару бэлыхь, ар кIуэтэхукIэ сэ схубагъуэ, си Iэпкьлъэпкь пщыкIутIым хозэрыхьри, си лъэр быдэу зэрыщытыр зыхэсщIэжу, си кьарум сеIэтыр лъагэу. Жэщым ар си гъэгугъэлъагъуэщ, абы ещIэ си блэкIар, кьэкIуэнур, нобэр, щыгъуазэщ фIыуэ си мурадхэм, ззэгъэпщIа гугъэхэм щодыхьэшх, мураду сиIэр зэтрещыпыкI, сызыщымыгугъыхьхэнухэр пэгуныжь иредзэ, кьысIупльэжмэ, сыфIэфагъуэу, и гущIэгъум срегъэлпть. Тыншым уесжьэ-тIэ псынщIэу? СыщыгъэкIкъым, игу сыщримыхьам кьэхъугъэкIэ сеужьыгу, мывэ блын игъэжу зэрыщIидзэу си гум, убзэм я нэхъ IэфIкIэ ар къегъэпсэуж...

Сыгъэпсэу, сыгъатхэ, сыгъуэсэ, сыгъэльагъу щIыхунэр зэи зыIумыщIа, уи куэдщ уэ гъащIэ, щхэу, уи куэдщ сэ кьыспэбгъаплтъэр, уи куэдщ нэпс сызыхуэмейр, сщумбзыщI, уи мащIэкъым гур кьрисыкIыу сыщIэгуэзвэн кьэхъутъэхэри, ауэ ахэр сыт ищIыс, гур кьылъэту, псэр сымыгъуэтыжу сыщIэбгъэгуфIэну уэзримурад гуфIэгъуэ Iыхьэм еIытауэ. СощIэ, сщумыбзыщI, псори нэрылъагъущ, кьыхэпта кьарум сегъаплъэ жыжьэ. ГъащIэ, сэ уи нитI сащIоплъэ, сыбгъэсэн мурадкIэ ухэмыт сыбгъэшынэну, а псоми сащхьэпрыкIащ, сефIэкIащ сэ си жагъуэгъу куэдым, схуогъэкъару уи тыгъэр, быдэу щIы уи фIэщ. Зы лъэIу пхузиIэщ - схуэхъумэ си хъуреягъыр, ахэрщ си кьарур, аращ укьызэрызэтам я нэхъыщхьэжьыр, арщ си гъащIэр зэрыщIыту, си кьару кьихьамэ, зы кьэмынэу мы дуней жьапщагъм ыщхьхъэмэн папщIэ, сигу пIащIэм псори щIызгъэпщкIунт, щыгъэмэнт сэ ахэр, сыт кьэмыхьуми, сакьыхуимыкIуэту зы, лIыхъужьу ахэм сакьыщхьэщыжьынт, бзыльхугъэм кьырыкьуэрыщ, кьыхуагъэкIэ, лIыгъэкIэ схъуэнт, схъуэмэнт, кьызэптамэ, зы Iэмал. Сахуопсэу, садопсэу, сэ ахэм сагъэпсэу, уэзыхуейуэ сиIэр гъащIэрамэ, уэот, сыкъэгъэгугъэ закъуэ си хъурейгъыр схуэпхьумэну...

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● Гушыlэхэр

Мамэ хущIыхьэтэкъым

Егъэджакlуэр щIалэ цIыкIум йоупщI:
- Сыт уи унэ лэжьыгъэр уи адэм щIебгъэщIыжар, Инал?
- Мамэ хущIыхьэтэкъыми, - ет жэуап сабийм.

Пщэдеи плъагъунущ

Хъыджэбэ цIыкIур и адэм йоIущащэ:
- Папэ, сэ ныжэбэ пщIыхьэпIэу слъэгъуар пщIэрэ?
- Сыту пIэрэ?
- КIэнфет къысхуэпщэхуауэ сепщIыхьащ.
- Умыдэранмэ, пщэдеи плъагъунущ апхуэдэ пщIыхь.

Си ныбжьэгъухэм я гъусэу

ЩIалэ цIыкIур и анэм дежщIолъадэ:
- Мамэ, сыщIэкIыу сыдэжгу хъуну?
- Уи напэр фIейуи?
- Хьэуэ, си ныбжьэгъухэм я гъусэу сыдэжгу.

● Фэ фщIэрэ?

Шейр куэдым яфIэфIщ

Урысей Федерацэм исхэм шейм пащI щыIэкъым. Абы ефэхэм я куэдагъым тепщIыхьмэ, ди къэралыр дуней псом щыпэхь пажэхэм яцIыщ. Абы ящ кьыцIыр Инджылызыжуэ Iыгъкуржэщ.

СТАТИСТИКЭМ кьыззэригъэльагъуэмкIэ, махуэ кьэс шей йофэ балигъхэм я процент 93-р, сабийхэм я процент 98-р. Ауэ щыхъукIи, кьэдгъэльэгъуэ бжьыгъэм и Iыхьэ щанэр крушкIи 4 е нэхьыбэ йофэ.

КьызэрабжамкIэ, Урысейм и цIыхуэхэр зы ильэсым хуэзэу шей крушкIэ 550-рэ йофэ е махуэм зы крушкIэрэ ныкьуэрэ.

Ди къэралым кьрашэ ерыскьыкъэхIэхэм я бжьыпIэ щхьэхуэ щебыщ шейм. Ар хохьэ упсэун папщIэ узыхуей щхьыныгъуэу кьалытахэм.

КЪЭБАРТ Мирэ.

● Щыху цIэрыIуэхэр

Испан хьэмэрэ франджы?

Тхыдэм хэтауэ кьыщIэкIынкъым зи творчествэм апхуэдизрэ тепсэлъыхьа суэрэтыщI. Пикассо Пабло теухуауэ зэи зыри псэлъакъым шыэныгъэ хэлъу: хэти абы и цIэр уэгум нэс еIэт, хэти хужимыIэ кьиг ъанэрр кьым. Бзэ зэхуэмыдэхэмкIэ кьыдэкIащ Пикассо теухуауэ тхыльхэр куэд. Абы тетхыхьащ Аполлинеррэ Элюаррэ, Маяковскэмрэ Арагонрэ, нэгъуэщIхэри.

Пикассо Пабло

ДУНЕЙ псом тет кьалэ зэмылIэужьыгъуэхэм - Парижрэ Прагэрэ, Токиорэ Римрэ, Нью-Йоркрэ Стокгольмрэ, Мехикэрэ Цюрихрэ, Сан-Паулурэ Амстердамрэ, Москвэрэ Берлинрэ - щекIуэкIа абы и гъэльэгъуэныгъэхэр кьэхъуькъащIэ тельыджэ гуэрым хуагъадэрт. Пабло и лэжьыгъэм дихьэхыр сурэтыщIхэм я закъуэтэкъым, атIэ абы и Iэдакъэщ Iэкlхэм щытепсэльыхьырт узрамхэм, клубхэм, шхапIэхэм, метрохэм.

Франджым щыIэ Гримальди Уардзуэнэр Пикассо и музей ящIащ. КьищынэмыщIауэ, кьэрал псоми я кьалащхьэхэм дэт музейхэм пэш хэха щаIэщ сурэтыщIым и Iэдакъэщ Iэкlхэм.

Пикассо и творчествэр, абы и гъуэзджэр куэдым кьагурымыIуэу жаIэ. Ауэ щыхъукIи, абы и цIэр цIыху мелуан бжьыгъэм ящIэ. Ныбжьэгъу куэд иIэщ Пикассо, абы нэхъ нэхъ машIэжьым жагъуэгуфIэу иIэри. Абы ипкъ иткIэ, зи гугъу тщIы сурэтыщIым цIыхуэр зэрыхущытыр тIуэу зэщхьэщокI.

Пикассо Пабло Испанием и Илпщэ лъэныкъуэмкIэ щыIэ Малаг кьалэм 1881 гъэм кьыщалъхуащ. Абы и адэ Руис Хуани сурэтышIт, уеблэмэ сурэт щыныкIэ егъэджакIуэт. ЩIалэ цIыкIур и адэм дэIэпыкъуэрэ дихьэхащ гъащIэм Iэщ Iагъэ нэхъыщхьэ щыхуэхъуэ Iэзхум. Хуан щыхунэмысхэм и деж сурэтыр и кIэм нигъэсыну Пабло кьыхуигъанэрт. ЩIалэми ар фIэхьэлэмэту нитхысысыжырт. Иужькlэ езы Пабло сурэт ищIу хуежьащ. Абы и Iэдакъэщ Iэкlхэм «Руис-Пикассо» жиIэу кIэщитхэрт, иужькlэ и анэ Пикассо Марие и унэцIэр кьищтащ.

Пабло и сабиигъуэр щигъэкIуар Коруньерэ Барселонэрэщ, абы художествэмкIэ школым щеджащ. Иужькlэ художествэмкIэ училищэ нэхъыщхьэ Мадрид щыщIэтIысхьащ. Абдеж щегъэжьауэ абы мурадышхуэхэр зыхуигъэувыжырт. Париж зыбжанэрэ кIуащ, живописым зэрызригъэужьыну Iэмалхэм егупсысу щIидзащ, художественнэ журнал кьыдигъэкIыу хуежьащ.

1904 гъэм Париж Iэпхъуэну мурад ещI, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, а кьалэр абы Европэм и художественнэ центру кьелытэ. «Париж сыщыщхьэхуиту кьысщыхъурт», - жиIэжырт абы. А лъэхъэнэм ар ныбжьэгъу хуэхъуащ тхакIуэ цIэрыIуэу щыта Аполлинер, Жакобо Макс, сурэтыщI Брак Матисс сымэ, Франджым щыпсэунри кьэнащ.

Дуней псом ягу дыхьа абы и яп лэжьыгъэхэр XX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэхэм итхауэ аращ. Иджы аор - «Арлекин» е «УсакIуэм и сурэт» - классикэм щыщ Iыхьэ хьуауэ ялытэ.

Пикассо и гъуэзджэр зэманым игъэунахуну хунэсащ. Хэт иджыпсту Беклин и Iэдакъэщ Iэкlхэм дахьэхыжыр? Футурист Маринетти зыщIыхужыр хэт? Дадаистхэм я усэ еджэжыр хэт сымэ? Ауэ щыхъукIи, 1909 - 1959 гъэхэм Пикассо и цIэр жамыIэу екIуэкIакъым.

Язныкьуэхэр иризодауэ Пабло испан сурэтыщI хьэмэрэ франджы? Ди деж. Урысей Федерацэм, абы и унэцIэр франджыбзэкIэ щыжаIэ - иужьрей пычыгъуэм ударенэр техуэу, адрейхэм «Пикассо» жаIэ. Дауи, Пикассо испану щытащ икIи щытщ. Абы и хэкур фIыщIэу ильагъурт, кьищынэмыщIауэ, и тепльэкIи, и хьэлкIи, и дуней теткIэкIи испанхэм ещхьыркъабзэщ. Абы зыми шэч кьытрихьэркъым. Ауэ цIыкуэм зэдзуэн щыщIадзэр абы гъуэзджэм щиубыд увыпIэм деж нэса нэужьщ. Иныкъуэхэм кьалытэ абы и живописым ещхьыр - цIыкIэ хэмыту, и Iадакъэщ Iэкlхэр Италиемрэ Франджымрэ епхауэ. Езыр испан дыдзэ, ауэ и творчествэр нэхъыбэу зэпхар франджы гъуэзджэрщ. Дауэ мыхъуми, Париж и художественнэ гъащIэм хэмытамэ, ар Пикассо хъурэт?!

КъэщIэрэщIэжьигъуэ лъэхъэнэм псэуа Iэщ IагъэлIэкIэми хуэзэу, Пабло кудым дихьэхыр щIалэ зрипщытырт. Ар живописещIу икIи скульпторщ. Пабло тхылъ куэдым сурэт яхуитхащ, балет куэдым декорацэхэр яхуищIащ.

ШЫПШ Даянэ.

● Еджагъэшхуэхэм я гупсысэхэр

ГъащIэр кIэщIщ, гъуэзджэр гъунапкъэншэщ

t Зыми уиIыкIынукъым, ажалым фIэкIа.
t НасыпыфIэу зыкъыщыхъыстэжхэм деж псоми дахуэгуапэщ, ауэ дыщыгуапэм деж сыт щыгъуи дынасыпыфIэкъым.
t ЦIыкIуэр тэмэму гъэсэным и щэхур насыпыфIэу кьэгъэхъунырщ.
t НэгъуэщIхэр бгъэсэну тынщщ, ауэ уи щхьэ щехьэлIам деж гугъу мэхъу.
t Ныбжьэгъум и гуныкъуэгъуэр дэзыгуэшыфынур куэдщ, ауэ и ехъулIэныгъэр дэзыIыгъыфынур цIыху гупцIанэхэращ.
t ГъащIэр кIэщIщ, гъуэзджэр гъунапкъэншэщ.
t Зи ныбжь хэкIуэтахэм псори я фIэщ нэхъу, курыт ныбжьым итхэм сымэ шэч кьытрахьэ, щIалэгъуалэм псори ящIэ.
t Лэжьыгъэм я нэхъ гугъур зыри умыщIэнырщ.

Уайльд Оскар

t ЦIыхуэхэм ящыщу нэхъ сфIэгъэщIэгъуэнур аIэужьыгъуитIщ: гъащIэм кууэ хэзыщIыкIхэмрэ ипэжыпIэкIэ зыри зымыщIэхэмрэ.
t ЩIалэгъуэм кьебгъэгъэзэжын папщIэ абы щыгъуэ пIэщIэщIа щыуагъэхэм иджыри зэ кьытебгъэзэжын хуейуэ аращ.
t ЦIыхуэм дуней псор зыIэригъэхьэкIэ сыт и мыхьэнэ и псэр фIэкIуэдмэ.

МЫ ПСАЛЪЭХЭР зейр инджылыз философ, тхакIуэ, усакIуэ, драматург, публицист, журналист Уайльд Оскарщ (1854 - 1900). Абы и цIэр нэхъыбэу зыгъэIуэр и пьесэхэрращ, апхуэдэуи кьэрал куэдым щызэбгрыкIащ «Портрет Дориана Грея» романыр. Уайльд и Iэдакъэщ Iэкlхэм куэду ущрохьэлIэ псалъэ Iуцхэмрэ кIэщIу кьэIуэта, гупсысэ куу зыщIэлъ псэльафэхэмрэ.

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **1.** Хьжъущыкъу. **6.** Чы щIыкIэ кьыумыгъэшар ... хьуа ныужь кьыпхуэгъэшыжыркъым. **9.** Къэбэрдей-Балъкъэрым ис муслымэнхэм я духовнэ управленэм и нэхъыжь. **10.** Шым и плъыфэ. **13.** Зыныкьуэ кьэжьыгъэхэм ятет «маст». **14.** Удз сыр лIэужьыгъуэ, и купсэр пшхы хьуу. **15.** Адыгэ лъэпкъ. **16.** МэкъупIэ пыупщIа сатырхэр. **17.** Зиусхьэн лъэпкъ. **19.** Кьуаргъ лIэужьыгъуэ. **21.** БыдымыкIэ гъэмахуэ хьупIэ. **26.** Iуданэу зэхэщIа кIапсэ псычъэ ІІІкIу. **27.** Уиз ищIри, ... дахэкIи иуэдыжащ. **28.** Палестинэм и унафэщIу илъэс куэдкIэ лэжьа, Брежневым щIэх-щIэхьыр зэкьригъэблагъэу щыта ... Арафат. **29.** Губгъуэм, мэзым кьыщокI, бжьын-бжьыныху лъэпкьыгъуэм хабжэ. **30.** Таурыхъ, шыпсэ ... **32.** ЕуэкIыпIэ. **34.** ЛъхукъуэлIыр бгъэкIэсмэ, ... уфIещтэ. **37.** Ин, домбей, ... е мывэ ... **41.** ЩIагъыбзэ. **42.** Кавказым щыпсэу лъэпкьышхуэ. **43.** Хадэхэк I. **44.** ЩIалъхуа щIыпIэр мыхьуу, хамэ щIынальэ щыпсэу цIыху. **46.** Цы закъуэ. **47.** ... хьэсэгъу умыщI.

Къехму: **1.** Псы е шэ къэкъуалъэм къащI бырыб. **2.** ХадэхэкI. **3.** ЩIалэм фIыуэ ильагъу пщащэм Iэщ Iилъхьащ ... гъэгъа. **4.** Теуп Хьчим и повесть. **5.** Пхъэщхьэмыщхьэ. **7.** 17-18-нэ лIэщIыгъуэхэм псэуа адыгэлI цIэрыIуэ, Iущыгъэ, псалъэжь, хъыбар телыджэ куэд кьыхэщIэна Кьэзанокъуэ ... **8.** Гьуэтыпхэм дищIэ хьэпIащIэ. **11.** Муслымэн хеящIэ. **12.** « ... кьыщIыщIэнэм щыгъуэ» - Шортэн Аскэрбий и пьесэ. **18.** ЦIыхубым апхуэдэуи йоджэ. **19.** Гъэгум нIэ кумбльэмбхэр. **20.** Кьуажэдэ унагъуэм и ерыскьыпхьэхэр, фIэIугъэхэр щIымахуэм щихьэхуэ адыгэлI гъэпсэ. **21.** Зи щхьэм имыт, цIыху псынщIэ. **23.** МафIэр ину щыдэлыдейкIэ кьыпсех. **24.** БгитIгъэхуаку. **25.** Кьуаф-чыр. **31.** ХадэхэкIыр Iисраф зыщI дзыгъуэщхуэ. **33.** Пхьэм кьыхъщыкIа кумбыгъэ ни, псы прахьуэмэ. **35.** Ди гъунэгъум есщIар сщIэркъым, ... кьызет. **36.** Былым зыгъэхъу унагъуэм и Iэмэпсымэ. **38.** Iэщ цIыкIу. **39.** Бдзэжьей лIэужьыгъуэ. **40.** Хадэм ирагъуэрэ бзугъащIэ. **44.** Тенджызышхуэ. **45.** Хьэкъущыкъум щыщ.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Фокlадэм и 22-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **5.** Псынабэ. **7.** Бемырэ. **12.** Пыжьей. **14.** ЛантIэ. **16.** Шагъыр. **17.** Собэ. **18.** Мыхър. **19.** Непал. **22.** Чымпэ. **26.** ПщIантIэ. **27.** Нет. **28.** Бащлыкъ. **30.** Пчымэ. **31.** НатIэгу. **34.** Лэгъуп. **36.** Имыс. **37.** Армум. **39.** Нэмэз. **41.** Фэдэн. **43.** ПщIэгъуалэ. **45.** Шэнтиуэ.

Къехму: **1.** Псыжь. **2.** Хъун. **3.** Вы. **4.** Хьэкъурт. **5.** Бурш. **6.** Епэр. **9.** Апэсы. **10.** Дагъэ. **11.** Хьэкъурт. **13.** Ерэн. **15.** Армэ. **20.** ЕнтIыр. **21.** Ленин. **22.** Чэтэн. **23.** Пшагъуэ. **24.** ПщIэ. **25.** Дыд. **29.** Бланэ. **30.** Кьуфхъэ. **32.** Гунмэ. **33.** Псынэ. **35.** Умар. **37.** Анэл. **38.** Мыщэ. **40.** МыщIэ. **42.** Деур.

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

Лэпс зэщIэт, мэлыл гъэгъуарэ кIэртIофрэ хэлъу

Мэлыл гъэгъуар г 30 - 40 хуэдизурэ эпэаупщI, псы хуабэкIэ тIэу-щэ ятхьэщI, шыуаным ит псы щIыIэм халтхъэри, мафIэр ину блэуэ зэ кьытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр кьытрахьуурэ. МафIэр ирашэхри, шыуаныщхьэр тепIауэ сыхьэтитIым нэскIэ ягъавэ, тхъурымбэр кьытрахьуурэ. ИтIанэ кIэртIофукъэбзар и кIыхьыпIэмкIэ упщIэтауэ халтхъэри, мафIэ щIыкIум тету шыуаныщхьэр тепIауэ дакъыткъэ 25 - 30-кIэ кьагъавэ. Шыуаныр мафIэм кьытрахьыж, абы бжьым гъэлыбжьа традзэри шыуаныщхьэр тепIауэ тIэкIу щагъэт. Iэнэм фалъэ куукIэ пщтыру трагъэувэ. ПIастэ щIыIэ, чыржын, хьэлIамэ, щIакхъуэ дашх.

Халъхьэхэр *(щIыхуитI Iыхьэ):*

Лы гъэгъуауэ - грамми 120-рэ

Лыр зэрагъэвэну псыуэ - грамм 1200-рэ

КIэртIофуукъэбзауэ - грамм 300

Шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

Бжьым гъэлыбжьам:

Щэ дагъэу - грамм 40

Бжьыныщхьэ укъэбзауэ - грамм 40

Шыбжий сыр хьэжауэ - узыхуейм хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.

НапэкIэцIыр зыгъэхьэзырар НЭЩЭПЫДЖЭ Замирэщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖЬэхIэмыкъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Шыридий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Iустэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Нэщ Iэныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Иэ.**

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, ебгъуанэ-епщIанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъэмрэ лъэпкь Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ 42-57-59; щэнхабэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Iуэхущ Iапх эм я дэлажьэныкъэмкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пресымохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ Iапх эм - 42-26-41; сурэттехьэ - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъэмкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэныту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ нобт зэпиIыгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныжьмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ Iапх эм №И-0065-м щIэту ягъаи.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и цIыкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэр: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дышэкl Сонэ, редакторхэр ЖЬэкIэмыхьу Маринэ, Шыридий Маринэ, корректорхэр Афу Тамарэ, ПхытIыкI Аэмэт, Щхьэщэмыщ Иэ, корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Мыразкъан ФатIимэ. *Компьютерхэр газетым и технэр щIыпIэ,* Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, Ныр Саидэ, *сурэттхэм елэжьар* Къарей Элинэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэ» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзырац.

Газетым Iэ традзэн хуейр сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.302 ● Заказ №2589